

# **BRIDGEPORT PUBLIC SCHOOLS**

## **MANYÈL POU ELÈV**



***Se objektif sistèm Bridgeport Public School la pou bay  
yon anviwònman edikatif pozitif  
pou tout elèv.***

**Michael J. Testani Sipè-  
entandan Lekòl la**

**"Se politik Komisyen Bridgeport la pou pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, eta sivil, reliyon, laj, orijin nasional, zansèt, andikap, twoub mantal oswa andikap entelektyèl, nan tout pwogram edikatif li yo, aktivite oswa politik anplwa yo."**

**Fonksyonè ki Responsab  
Aksyon Pozitif Tit IX ak Tit  
V:**

Direktè Egzekitif Resouzimèn nan  
Bridgeport Public Schools  
45 Lyon Terrace – Sal 310  
Bridgeport, CT 06604 203-  
275-1042

## Tabdèmatyè

Rezime Politik Distri a Konsènan Konpòtman	4
Prensip Direktè ak Jistis Reparatè nan PBIS	4
Garanti nan Pwosedi	7
Tablo sou Dwa ak Responsablite	10
Pwosedi Disiplinè	12
Politik ak Pwosedi sou Prezans	13
Pwosedi ak Entèvansyon Swivi sou Prezans	17
Politik kont Entimidasyon	22
Politik kont Bizitaj (Hazing)	24
Politik sou Rezo/Entènèt/Imèl	26
Politik sou Asèlman Seksyèl sou Elèv ak Manm Pèsonèl	28
Politik sou Inifòm	31
Pwosesis pou Apèl	33
Notifikasyon Anyèl sou Dwa Paran ki Lye ak Dosye Lekòl selon FERPA a	35
Kondwit ki Apwopriye ak Laj sou Plan Developman	38
Enfraksyon Disiplinè ak Sanksyon	
• Tip I/Minè                  Enfraksyon Disiplinè	39
• Tip I/Minè                  Konsekans ak Entèvansyon	43
• Tip II/Grav                 Enfraksyon Disiplinè	45
• Tip II/Grav                 Konsekans ak Entèvansyon	49
• Tip III/Distri             Enfraksyon Disiplinè	52
• Tip III/Distri             Konsekans ak Entèvansyon	54
Pwosedi pou Ekspilsyon	55
Enfraksyon ki lye ak Dwòg ak Zàm	55
KONSEVASYON DOSYE	55
Anèks A                         Entèvansyon ak Soutyen sou Konpòtman Pozitif	56
Anèks B                         Jistis Reparatè	58
Anèks C                         Tablo sou Enfraksyon Disiplinè ak Sanksyon	59
Anèks D                         Glosè sou Tèm yo	63
Anèks E                         Pwotokòl Akò	68
Anèks F                         Akize Resepsyon	73

## **ANKOURAJE KONPÒTMAN ELÈV KI POZITIF**

Kilti ak kliman eskolè a genyen yon enpak ki pwofon sou pwogrè akademik elèv la ak relasyon l ak kamarad ak adilt yo. Yo prevwa pou chak lekòl ankouraje yon kilti eskolè ki pozitif ki kiltirèlman adapte epi ki ofri elèv yo yon anviwònman ki favorab kote yo grandi sou plan sosyal ak akademik. Konekte elèv yo avèk lekòl grasa okazyon pou patisipe nan divès aktivite pwo-sosyal epi pou kreye lyen avèk adilt ki eman, ak adilt ki solidè, ki melanje ak yon pwogram konplè, ki bay elèv yo eksperyans, estrateji, konpetans fondamantal, ak soutyen yo bezwen pou amize yo.

Se objektif sistèm Bridgeport Public School la pou bay yon yon anviwònman edikatif pozitif pou chak elèv. Politik sou disiplin eskolè ki efikas ankouraje mezi disiplinè ki anpeche kanpe edikasyon yon elèv nan mezi sa posib. Lekòl yo ta dwe minimize itilizasyon sispanson ekstra-eskolè yo, ranvwa pou ekspilsyon ak ranvwa bay fòsdelòd yo nan mezi sa posib.

Aprantisaj sosyo-emosyonèl se yon konpozan debaz nan pwogram prevansyon inivèsèl yon lekòl pou tout elèv yo. Yo prevwa pou lekòl yo jwe yon wòl pwo-aktif pandan y ap ankouraje konpòtman sosyal elèv yo. Bay divès soutyen ki pozitif pou konpòtman menm jan ak bon jan opòtinite pou aprantisaj sosyo-emosyonèl ki ankouraje rezilyans. Aprantisaj sosyo-emosyonèl ki efikas ede elèv yo devlope konpetans debaz ki fondamantal, ki genyen ladan: rekonèt ak jere emosyon; devlope swen ak enkyetid pou lòt yo; etabli relasyon ki pozitif; pran desizyon ki responsab; epi jere sitiyasyon difisil yon fason ki konstriktif epi ki etik. Lè elèv yo devlope konpetans sa yo, fè montre relasyon ki plis pozitif avèk kamarad yo, angaje nan plis konpòtman sosyal ki pozitif epi yo genyen mwens chans pou angaje nan move kondwit.

Etabli yon kad yerachik soutyen ak entèvansyon konpòtmantal esansyèl pou reyalize disiplin pwogresif. Objektif soutyen konpòtmantal la se pou ankouraje rezilyans, pou ede elèv yo konprann ak swiv règleman lekòl la, epi soutni yo nan devlope konpetans yo bezwen pou reponn ak atant konpòtmantal yo. Pou yon elèv ki genyen bezwen edikasyon espesyal oswa bezwen ki lye ak andikap, tout apwòch yo respekte Plan Edikasyon Pèsonalize li a (IEP) oswa Plan Aranjman Elèv 504 la epi pral konsidere bezwen ak kapasite inik elèv la.

## **Aplikasyon Manyèl Elèv la**

Tout elèv dwe swiv tout règleman Manyèl Elèv la anvan, pandan ak aprè lekòl la. Manyèl la aplike ak tout elèv sou teren lekòl la ak aktivite ki lye ak lekòl la nan espas lekòl la oswa andeyò espas lekòl la. Elèv yo dwe swiv règleman sa yo pandan y ap tann transpò oswa pandan y ap vwayaje nan otobis lekòl la oswa lòt fòm transpò lekòl la bay pou ale lekòl la oswa pou soti lekòl la pou yon aktivite lekòl la esponnsorize.

Epitou manyèl la aplike ak elèv yo andeyò espas lekòl la ak pandan moman ki pa genyen lekòl lè kondwit la ap vyole politik ki pibliye pa Komisyon Edikasyon an ak retou elèv ki angaje nan enfraksyon ki t ap kontribye nan yon efè deranjan nan lekòl la ak nan pwosesis edikatif li a. Aksyon sa yo kapab genyen yon nati ki grav, tankou enfraksyon ki danjere ak zàm, enfraksyon ki lye ak dwòg odwa krim ki akonpanye pa kondwi ki vyolan tankou vòl oswa enfraksyon seksyèl.

Revisit disiplin lekòl la depann de responsablite ki pataje lakay la, nan lekòl ak nan kominote a. Paran/gadyen legal ak manm nan kominote a ta dwe konnen epi konprann Kòd Kondwi Elèv la.

## GARANTI NAN PWOSEDI

### Sa tout paran yo ta dwe konnen:

Elèv yo te déjà identifie kòm elèv ki genyen yon andikap selon IDEA ak/oswa Seksyon 504 nan Lwa sou Reyadaptasyon an ki angaje nan konpòtman ki vyole tout règ Kòd Kondwi Elèv la ka resevwa sanksyon pa sispanson, transfè nan yon anviwònman edikatif altènativ pa enterim; oswa lòt anviwònman oswa ekspilsyon; mezi disiplinè yo ta dwe aplike tou ak tout elèv ki pa genyen andikap avèk kondisyon sa yo:

- Yo pa dwe sispann yon elèv ki genyen andikap pandan plis pase dis (10) jou pa ane kalandriye san ke distri a pa kòmanse yon egzaminasyon/oswa developman yon Plan Entèvansyon pou Konpòtman (BIP). Nan ka yon ranvwa pou ekspilsyon oswa sispanson pandan plis pase 10 jou pa ane kalandriye, distri a pral konvoke yon PPT nan delè ki pa depase 10 jou lekòl aprè rekòmandasyon pou disiplin sa a te fèt pou egzamine relasyon ant andikap elèv la ak konpòtman enfraksyon disiplinè a ak pou detèmine si konpòtman elèv la te yon manifestasyon de andikap li a. Pandan pwoesisis yon egzaminasyon manifestasyon, yo kapab sispann yon elèv pandan jiska 10 jou lekòl. Apresa jou sispanson yo dwe kontwole deprè pa administratè batiman an pou asire ke total jou ki akimile a pa konstitiye yon chanjman nan plasman an.
- Si tout manm egzaminasyon manifestasyon PPT a konkli ke konpòtman elèv la **pa** te yon manifestasyon de andikap elèv la, distri a kapab kòmanse avèk ranvwa pou ekspilsyon oswa sispanson an pandan plis pase 10 jou, nan mezi yon elèv ki pa genyen yon andikap t ap tonbe anba yon disiplin konsa.
- Nan nenpòt nan sikontans sa yo, Komisyón Edikasyon an dwe kontinye bay yon edikasyon publik ki apwopriye pou elèv ki genyen andikap la. Pandan nenpòt peryòd sispanson ki plis pase 10 jou ane kalandriye, yon elèv ki genyen andikap selon IDEA a pral resewa yon plan edikatif altènativ selon IEP a jan sa modife pa PPT a parapò ak eksklizyon elèv la. Sepandan, si paran an pa dakò ak konklizyon ke konpòtman elèv la PA te yon manifestasyon, paran yo genyen dwa pou antreprann yon odyans manifestasyon atravè Depatman Edikasyon Eta a.

- Si PPT a konkli ke konpòtman elèv la te yon manifestasyon

de andikap elèv la, distri a p ap kòmanse ranvwa pou ekspilsyon oswa sispansyon pandan plis pase 10 jou a, li pral konsidere move kondwit la epi li pral revize IEP a/plan entèvansyon konpòtman an pou anpeche move kondwit la rive ankò epi bay sekirite lòt elèv ak manm pèsonèl yo. Si IEP a pa genyen ladan yon Plan Entèvansyon Konpòtman, PPT a dwe fè yon Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl (FBA) epi devlope yon plan pou jere konpòtman ki te mennen nan mezi disiplinè a. Lè yo anvizaje mezi disiplinè, ki t ap mennen nan yon penalite ki pa jere pa Plan Entèvansyon Konpòtman elèv la, yo dwe enfòme paran yo konsènan desizyon pou pran mezi disiplinè a nan dat yo te pran desizyon an epitou yo dwe resevwa tout garanti pwosediral edikasyon espesyal yo.

- Dosye edikasyon espesyal ak dosye disiplinè elèv la dwe transmèt bay moun ki pral fè detèminasyon final la konsènan yon rekòmandasyon pou eksklizyon konsènan yon rekòmandasyon pou ekspilsyon ki plis pase 10 jou pa ane kalandriye.
- Nan posesyon zàm danjre oswa yon medikaman ki ilegal oswa itilizasyon, lavant oswa demann pou lavant sibstans kontwole nan espas lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl la esponsorize, yo ka plase elèv la nan yon anviwònman edikatif altènativ pa enterim ki apwopriye pandan plis pase 45 jou kalandriye, san konsidere si kondwit la se te yon manifestasyon andikap elèv la. Sepandan, ekip PPT a dwe dakò sou anviwònman altènativ pa enterim nan.
- Pou disiplin elèv yo ki pokò idantifye antanke elèv edikasyon espesyal, yon elèv gen dwa ak pwoteksyon pwosediral si yo pa te detèmine ke li kalifye pou sèvis espesyal selon IDEA a si komisyón lokal la te genyen konesans ke elèv la te genyen andikap anvan move kondwit la te rive. 34 C.F.R. Connecticut General Statutes § 300.534.
- Si yon elèv edikasyon espesyal komèt yon krim ke manm pèsonèl lekòl la deklare bay ajans fòsdelòd yo, manm pèsonèl la lekòl la dwe asire ke kopi dosye edikasyon espesyal la ak dosye disiplinè yo transmèt pou konsiderasyon pa otorite yo deklare krim nan.

**Komisyón lokal la pral konsidere tankou li genyen konesans si:**

1. Paran an te eksprime enkyetid bay manm pèsonèl sipèvizon an oswa manm pèsonèl administratif la alekri oswa bay yon pwofesè elèv la, ke elèv la bezwen

- sèvis edikasyon espesyal/sèvis ki lye yo.
2. Paran an te mande pou yo evalye elèv la selon IDEA a.
  3. Pwofesè elèv la oswa lòt manm pèsonèl te eksprime enkyetid espesifik konsènan yon modèl konpòtman ki demonstre pa elèv la dirèkteman bay Direktè Egzekitif Enstriksyon Espesyalize a oswa bay manm pèsonèl sipèvizon ajans lan.

**IDEA 2004 la endike klèman ke komisyon lokal la pa ap konsidere kòm li genyen konesans si:**

1. Paran an pa te otorize yon evalyasyon elèv la
2. Paran an te refise sèvis yo
3. Yo te evalye elèv la epi PPT a te eksklizivman detèmine ke elèv la pa te genyen yon andikap

Si komisyon lokal la pa te genyen konesans konsènan posiblite ke elèv la genyen yon andikap, yo ka sanksyone elèv la kòm si li pa te yon elèv ki genyen yon andikap. Si yo fè yon demann pou evalyasyon pandan peryòd tan lè elèv la fè sijè mezi disiplinè a, distri lekòl la dwe akselere evalyasyon an. Si apresa yo jije ke elèv la elijib, distri lekòl la pral bay elèv la edikasyon espesyal; sepandan, pandan y ap tann rezulta evalyasyon an, elèv la rete nan anviwònman ki detèmine pa manm pèsonèl lekòl la.

**Nòt Espesyal:**

Regleman Eta Connecticut la, Seksyon 10-76d-7(c), mande pou chak lekòl ranvwaye nan Ekip Plasman ak Planifikasyon an (PPT) tout elèv ki te nan sispanson pandan plizyè fwa oswa elèv ki genyen konpòtman, prezans oswa pwogrè nan lekòl la ki konsidere pa satisfezan oswa ki nan nivo akseptasyon majinal. Pou elèv ki fè fas ak plizyè sispanson nan lekòl la, yon ranvwa dwe fèt bay PPT a pou konsidere si evalyasyon yo ta dwe fèt pou detèmine elijiblite elèv la pou sèvis edikasyon espesyal.

### **Pwosedi ki Enplike Itilizasyon Fòs Fizik**

Manm pèsonèl la kapab itilize fòs fizik ki rezonab ak fòs fizik ki pridan sou yon elèv lè li nesesè pou:

- Pwoteje tèt yo oswa lòt moun kont domaj imedya
- Pran enstriman ki danje oswa medikaman ilegal de yon elèv
- Pwoteje pwopriyete
- Retni oswa retire yon elèv pou retabli lòd

### **Pwosedi pou Fouy ak Konfiskasyon**

Tout kazye ak biwo yo se pwopriyete Komisyon Edikasyon Bridgeport epi itilizasyon yo pa elèv yo se yon privilèj. Elèv yo pa dwe mete , gade oswa konsève nan kazye oswa biwo yo tout zamafe, kouto, eksplozif oswa lòt objè danje oswa nenpòt lòt atik ki entèdi nan Kòd Kondwit la. Elèv yo pa dwe genyen okenn atant konfidansyalite ki genyen rapò ak kontni kazye oswa biwo yo. Konsa, responsab lekòl yo genyen pou louvri ak fouye kazye ak biwo yo nenpòt lè pou aplike politik lekòl la, règ/regleman oswa pou tout lòt rezon. Tout fouy kapab genyen ladan itilizasyon aparèy elektwonik ak/oswa aparèy mekanik. Si pandan yon fouy ki valid oswa nan kad lòt aktivite eskolè ki lejitim, responsab lekòl yo obsève nenpòt objè oswa sibstans ki entèdi pa Kòd sa a, yo pral konfiske objè oswa sibstans sa a. Nan lekòl kote kazye yo se pwopriyete lekòl la, yo pa dwe itilize okenn lòt kazye. Tout kazye sa yo rete pwopriyete Komisyon Edikasyon an epi kapab louvri nenpòt lè pa responsab lekòl yo selon politik sa a. Nan lekòl kote elèv yo bay pwòp kazye yo, sa p ap kreye okenn atant rezonab sou vi prive nan kontni kazye yo paske tout kazye yo kapab louvri nenpòt lè pa responsab lekòl yo selon politik sa a.

## POLITIK SOU PREZANS

Komisyon Edikasyon Bridgeport la angaje nan travay avèk elèv ak fanmi yo pou ankouraje prezans regilye, kote anretou, pran ankouraje devlopman pèsonèl panda y ap prepare elèv la pou aksepte responsablite similè nan monn ki antoure anviwònman lekòl la. Rgleman sou prezans yo fèt pou ede elèv yo konprann ke yo pral akeri avantaj prezans regilye atravè responsablite ak angajman.

### Absans Regilye Kisa

#### **Absans Regilye Ye?**

Yo defini absans regilye nan sans lè elèv la rate 10 poustan, oswa plis, nan jou lekòl yo pou nenpòt rezon, ki genyen ladan absans avèk motivasyon ak absans san motivasyon. Pa egzanp, timoun ki enskri pou ane lekòl konplè a (tankou 180 jou) vin tonbe nan absans kwonik si yo rate omwen 18 jou lekòl pou nenpòt rezon. Aprann plis konsènan diferans ant absans avèk motivasyon avèk absans san motivasyon ak pi bon pratik pou redwi absans kwonik nan dokiman gid Depatman Edikasyon Eta Connecticut la (CSDE)

.

#### **Ki kèk estrateji ki genyen pou redwi absans kwonik?**

Amelyore epi soutni bon prezans mande angajman lidè distri yo ak lidè kominotè a ak administratè, menm jan ak yon atikilasyon klè ak responsablite. Estrateji ki reyisi yo genyen ladan fòmasyon ekip distri ak ekip pou prezans lekòl la, analiz done, idantifikasiyon tandans ak faktè kontribisyonnан absans regilye, ak mizannèv yon apwòch ki genyen plizyè nivo pou redwi absans regilye.

### Tèminoloji

- Absans:** Tout jou lekòl kote yo pa konsidere yon elèv “prezan” nan lekòl yo atribye avèk li a, oswa nan yon aktivite lekòl la esponnsorize (tankou sòti eskolè) pandan omwen mwatye nan jounen an.
- Absans avèk Motivasyon:** Yon absans nan yon jou lekòl ki pwograme regilyèman pandan omwen yon mwatye nan jou lekòl la, lekòl la te resevwa dokimantasyon ekri ki dekri rezon pou absans lan nan dis jou aprè retou elèv la nan lekòl la, oswa timoun nan te ekskli nan lekòl la selon seksyon 10-210 nan Lwa Jeneral Connecticut la, epi satisfè kritè sa a:

- a. Tout absans **anvan** dizyèm absans elèv la, konsidere kòm san motivasyon lè elèv paran/gadyen legal elèv la apwouve absans sa a epi soumèt dokimantasyon apwopriye **ki siyen** an selon peryòd 10 jou a, epi
- b. Pou dizyèm absans elèv la ak tout absans yo apresa, absans yon elèv nan lekòl la konsidere avèk motivasyon sèlman pou rezon sa yo:
  - i. Maladi elèv la (verifye pa yon pwofesyonèl medikal ki otorize yon fason ki apwopriye)
  - ii. Jou konje religye
  - iii. Elèv la parèt devan tribunal la (dokimantasyon nesesè)
  - iv. Fineray oswa lanmò fanmi an, oswa lòt ijans ki odela kontwòl fanmi elèv la
  - v. Opòtinite edikatif ekstrawòdinè ki apwouve alavans pa administratè Distri a epi selon gid Depatman Edikasyon Eta Connecticut la
  - vi. Mank transpò ki nòmalman founi pa yon distri ki diferan de distri elèv la frekante a

**3. Absans ki san Motivasyon:** Tout absans nan yon jou lekòl ki regilyèman pwograme pou omwen mwatye jou lekòl la, epi absans sa a pa yon absans ki motive jan sa defini anwo a.

Chak ensidan reta ki san motivasyon pou lekòl la oswa ranvwa antisipe ki san motivasyon ki fè elèv la rate 90 minit oswa plis nan lekòl la, pral mennen ekivalan yon ka (1/4) absans ki san motivasyon.

**4. Prezans:** Tout jou kote lekòl la pa konsidere yon elèv absan nan lekòl ki atribye ak li a, oswa nan yon aktivite ki esponnsorize pa lekòl la (tankou sòti eskolè) pandan omwen matye nan jou lekòl la.

**5. Absans Kwonik:** Tout timoun ki absan 10% oswa plis jou lekòl timoun nan enskri nan lekòl.

**6. Dokimantasyon Ekri:** Yon nòt ekri de paran/gadyen legal elèv la, yon responsab lekòl la te pale avèk paran/gadyen legal la konsènan absans lan, oswa yon nòt ki konfime absans pa enfimyè lekòl la oswa pa yon pwofesyonèl medikal ki otorize, jan sa apwopriye, ki eksplike nati ak rezon absans lan menm jan ak dire absans lan.

7. **Prezans Pafè:** Li defini kòm lè elèv la ale lekòl chak jou. Reta ki motive pa paran an oswa lè yo lage anvan lè p ap fè enpak sou prezans pafè a, sa ak kondisyon elèv la prezan pandan omwen yon matye nan jou lekòl la.
8. **Matye Jounen lekòl:** Defini kòm matye nan dire tan ki ekivalan ak yon jou konplè (tankou Si yon jou konplè se sis èdtan ak 20 minit, yon timoun dwe prezan pandan twa èdtan ak dis minit).
9. **Sispansyon oswa Ekspilsyon Deyò Lekòl la:** Yo pral deklare yon elèv ki nan sispansyon deyò lekòl la kòm absan sof si li resevwa yon pwogram edikatif altènativ pandan omwen mwatye nan jou lekòl la.
10. **Ansèyman Adomisil:** Yo konte elèv ki plase nan ansèyman adomisil akoz maladi oswa domaj kòm si yo “prezan” pou chak jou lekòl yo resevwa ansèyman nan men yon pwofesè ki sètifye pandan yon kantite tan yo konsidere ki apwopriye pa administrasyon an. Sa ede asire ke elèv la anmezi pou reyisi retounen nan anviwònman saldeklas regilye a.

### **Koneksyon ak Lekòl Adomisil**

- **2 absans ki san motivasyon:** Apèl Telefonik Paran an
- **4 absans ki san motivasyon:** Lèt Paran an

### **Entèvansyon**

Lè yon timoun depase referans absans ki idantifye yo, lekòl la genyen yon responsabilite pou adopte kèk mezi pou soutni timoun yo. Entèvansyon yo genyen ladan:

- **6 absans ki san motivasyon:** Rankont Paran an avèk Konseye a
- **8 absans ki san motivasyon:** Apèl Telefonik ak Lèt de Konseye a
- **10 absans ki san motivasyon:** Ale nan SRBI & Konferans Paran avèk Pwofesè ak Konseye a
- **12 absans ki san motivasyon:** Voye lèt (kapab sètifye) epi kreye Plan Prezans lan
- **15 absans ki san motivasyon:** PPT
- **20 absans ki san motivasyon:** Rankont Paran avèk Administrasyon an ak Konseye a pou diskite sou retni ki posib

### **Absans Disiplinè**

Absans ki soti nan mezi disiplinè lekòl la oswa distri a ekskli de definisyon sa yo:

1. Politik Komisyon sou Edikasyon Eta a deklare ke “Yo konsidere yon elèv kòm yon elèv ki ‘prezan’ si l prezan nan lekòl li ladan l lan oswa nan yon aktivite ki esponnsorize pa lekòl la, tankou vwayaj eskolè, pandan omwen mwatye nan jou regilye lekòl la. Yon elèv ki nan yon sispansyon andeyò lekòl la oswa

ekspilsyon ta dwe toujou konsidere kòm absan."

### **Rate Klas la**

Se yon obligasyon pou elèv yo prezan pou benefisyé de pwosesis ansèyman ak aprantisaj la. Se responsablité elèv la pou prezan pandan tout klas yo lè yo prezan nan lekòl la. Bagay sa yo fèt pou ankouraje devlopman atitud responsablité:

1. Ratman klas se absans yon jou nan klas la.
2. Pwofesè saldeklas la kapab refere nenpòt ratman klas ki depase twa (3) peryòd makan bay administratè a.

Tout mezi disiplinè yo enpoze sou yon elèv akoz ratman klas pral akonpli nan yon fason ki regilye avèk garanti pwosediral ki dekri yon lòt kote nan manyèl sa a, pa egzanp: yo kapab enpoze sispanson pou ratman klas sèlman si yo ofri elèv la opòtinite pou yon odyans enfòmèl.

### **Reta**

Reta nan lekòl se yon gwo enkyetid. Nou vrèman kwè ke fason ki plis efikas pou chanje konpòtman elèv la se ranfòse epi maksimize kondwit, tankou vini lekòl la alè. Pwosedi ak machaswiv sa yo te devlope pou soutni objektif sa a.

### **Reta nan Klas**

1. Reta nan klas pral jere pwofesè saldeklas yo.
2. Tout elèv k ap antre nan klas la san motivasyon aprè (10) minit pral resevwa yon ratman klas.

### **Reta nan Lekòl**

1. Si elèv yo anreta nan lekòl la, administratè a pral ofri pwogram entèvansyon tankou ranvwa bay konseye oryantasyon an ak retni anvan lekòl oswa aprè lekòl. Si pwogram sa yo pa amelyore prezans elèv la, administratè a kapab fè yon ranvwa bay Ekip SRBI a.
2. **Elèv ki vini lekòl la 45 minit aprè kòmansman jounen lekòl la pral genyen obligasyon pou akonpanye pa yon paran oswa pa yon gadyen legal oswa paran oswa gadyen legal la dwe telefone lekòl la oswa bay yon nòt ekri.** Yo dwe ranvwaye konpòtman reta kwonik lan bay Ekip SRBI a

### **Sispansyon Akonplisman Travay nan Klas Andeyò Lekòl**

Tout elèv yo sispannan lekòl la genyen opòtinite pou fini travay nan klas li te reta pandan sispanson an; sepandan, se responsablité elèv la pou mande devwa pou travay nan klas li rate a. Se pa responsablité pwofesè a

pou chèche elèv ki te rate travay nan klas yo, akoz sispansyon an. Anplis, elèv yo dwe fè tout devwa nan klas yo rate yo nan delè ki pa depase de (2) semèn aprè yo retounen lekòl la.

***Lè elèv yo amelyore to prezans yo, yo amelyore  
pèspektif akademik yo ak  
chans pou yo diplome.***

## PWOSEDI AK ENTÈVANSYON SWIVI SOU PREZANS

Nan kòmansman chak ane lekòl, administratè yo dwe enfòme paran/gadyen legal, avèk yon lèt, aprè machaswiv prezans yo. Lèt la dwe enkli yon demann ke yon paran/gadyen legal pou enkli enfòmasyon dijans ki ajou pou chak elèv, tankou kote paran yo travay, adrès lakay, aktyèl nimewo telefòn lakay la, nimewo telefòn travay la, nimewo telefòn selilè, imèl ak non moun ki pral pase chèche elèv la (yo).

1. Nan ka nenpòt absans, paran oswa gadyen legal yo ta dwe rele lekòl timoun yo nan jou absans lan pa pita pase 10:00 a.m. Sizoka paran an oswa gadyen legal la pa voye okenn notifikasyon absans, lekòl la pral fè yon tantativ ki rezonab pa telefòn pou kontakte paran an oswa gadyen legal la nan travay la oswa nan travay la konsènan absans elèv la nan jou absans lan.
2. Nan maten yon elèv retounen lekòl la, yo prevwa pou elèv la pote yon nòt ekri ki siyen pa yon paran/gadyen legal avèk rezon absans lan (yo); san yon nòt, tout absans yo pral vin absans san motivasyon. Nòt yo dwe soumèt nan delè ki pa depase dis (10) jou aprè elèv la retounen nan lekòl la pou yo konsidere l kòm motive.
3. Paran/gadyen legal yo ta dwe fè efò pou pwograme randevou pou elèv yo aprè lè lekòl la. **Yo p ap ranvwaye okenn elèv pi bonè pase 30 minit ki presede lè ranvwa de lekòl la.**
4. Manm pèsonèl la pral enfòme biwo a touswit avèk nenpòt kesyon konsènan absans yon elèv espesyalman lè manm pèsonèl la oswa yon elèv kapab raple l ke li te wè timoun nan lekòl la oswa nan espas lekòl la.

### **Nòt: Elèv Pre-K ki genyen twòp absans**

- **Pwofesè elèv la ta dwe fè yon ranvwa bay SRBI a pou diskite sou pwoblèm prezans lan ak enpak li nan aprantisaj la.**

### **Pwosedi sou Prezans Chak Jou**

Paran yo genyen aksè nan prezans timoun yo a ak nòt yo atravè pòtay paran an sou sit entènèt BPS la. Pou asire yon kontwòl ki efikas, yo pral itilize yon sistèm enfòmasyon enfòmatize pou elèv la, PowerSchool oswa yon sistèm ki konparab, pou tout aspè nan prezans elèv la. Nan chak referans ki mansyone nan Kòd Kondwit la, yo pral fè antre yo nan sistèm enfòmasyon elèv la pou dokimante pwosedi kontwòl nou an.

1. Pwofesè yo pral prezan sou PowerTeacher pou antre absans ak reta yo. Si pa genyen okenn absans, yon pwofesè dwe toujou konekte nan PowerTeacher epi konplete etap pou pran prezans.
2. Elèv ki anreta (10 minit aprè lè lekòl la ofisyèlman kòmanse a) dwe premyèman deklare l nan biwo administratif la pou konekte epi resevwa yon lesepase pou antre saldeklas la. Pwofesè yo pa ta dwe pèmèt yon elèv antre nan klas la san yon lesepase pou reta a. Manm pèsonèl biwo administratif la pral responsab pou chanje absans an reta nan PowerSchool.
3. Nan maten yon elèv retounen lekòl la, yo prevwa pou elèv la pote yon nòt ekri ki siyen pa yon paran/gadyen legal avèk rezon absans lan (yo). San yon nòt, tout absans yo pral vin absans san motivasyon. Aprè apwobasyon administratè lekòl la, manm pèsonèl biwo administratif la pral responsab pou chanje absans ki san motivasyon an absans avèk motivasyon nan PowerSchool.
4. Bò anviwon 10:30 a.m. yon sistèm mesajri telefonik pral jenere apèl telefonik pou enfòme paran yo ke timoun nan pa prezan lekòl la.
5. Chak administratè kapab verifye estati pwofesè ki pa te pran prezans pandan y ap itilize rapò prezans PowerTeacher a.

Si yon pwofesè absan lekòl la, pwofesè ranplasan an kapab pran prezans pandan l ap itilize Pòtay Ranplasan PowerTeacher a.

## **Prezans nan Klas Lekòl Segondè**

Yo prevwa prezans regilye nan klas; nan objektif sa a elèv ki genyen twòp absans pou nenpòt rezon kapab pèdi kou respektif yo.

Selon politik Bridgeport BOE a, elèv lekòl segondè yo dwe prezan nan lekòl la pandan omwen 160 jou pou resevwa kredi nan kantite ki egzije a pou jwenn diplòm lekòl segondè pou kou tout ane a ak yon minimòm 80 jou pou kou semès yo nan nivo lekòl segondè a. Elèv ki satisfè egzijans minimòm sa a kapab fè apèl pèt kredi a nan yon Ekip Egzaminasyon Apèl pou Prezans ki genyen yon administratè, de pwofesè, ak manm pèsonèl soutyen an. Ekip la pral egzamine dosye prezans elèv la epi yo kapab konsidere rezon absans la. Desizyon sou si ou akòde yon apèl oswa si pou pa akòde l se sèlman desizyon Ekip Egzaminasyon Apèl la.

### **Pou yo konsidere yon apèl elèv la dwe:**

- Ranpli fòmilè apèl ki egzije a epi retounen I bay konseye oryantasyon an
- Atache yon deklarasyon ki eksplike sikontans ki mennen nan twòp absans lan epi dwe genyen ladan tou jistifikasyon pou demann anilasyon an
- Atache tout dokimantasyon sipò (medikal, legal, elatriye)
- Atache yon deklarasyon de paran/gadyen ki sipòte renonsiyasyon apèl la
- Atache yon deklarasyon de yon konseye/pwofesè k ap travay avèk elèv la ak manm pèsonèl sipò a

Selon politik sa a, elèv ki genyen 5 oswa plis absans nan yon kou pou yon peryòd makan, 10 oswa plis absans nan yon kou ki dire yon semès, oswa 20 absans oswa plis nan yon kou ki dire tout ane a, elèv la pral resevwa yon maksimòm nòt F-64 ak yon kòmantè ki li "pèt kredi akoz absans". Elèv la ka fè apèl pou jwenn kredi pou kou a.

Elèv ki genten absans (san motivasyon oswa avèk motivasyon) ki bay 10 an total oswa plis nan yon kou ki dire yon ane, 5 oswa plis nan yon kou ki dire yon semès, epi 2.5 oswa plis nan yon kou ki dire yon trimès, dwe depoze yon apèl pou prezans pou retabli kredi pou kou sa a.

## **Dwa pou Fè Apèl**

Nan fen chak semèn ak ane eskolè, elèv yo pral genyen opòtinite pou fè apèl pou retabli/anile kredi yo. Pou elijib pou pwosesis apèl la, elèv yo dwe kontinye responsabilite saldeklas la epi asiste klas regilyèman. Pwosesis pou apèl la pral fè lekòl la. Elèv yo pral sèlman resevwa yon apèl pa ane.

## **Reta/Ratman**

Yo prevwa pou yo rive nan klas la alè. Yo pral make TDY pou elèv ki rive aprè kòmansman klas la jiska 10 minit aprè klas la kòmanse.

Pwofesè a pral aksepte tout elèv ki rive 10 minit aprè klas la kòmanse , pwofesè a pral anrejistre lè elèv la antre nan klas la epi make elèv la ABS nan PowerSchool.

Epitou genyen yon atant pou tout elèv ki prezan nan lekòl la kapab asiste kou ki atrible ak yo pandan dire peryòd la. Elèv ki prezan nan lekòl la epi ki pa rive ale nan kote ki atrible ak yo pral resevwa yon RATMAN pou peryòd la.

Reta nan Klas/Ratman pral jere nan yon fason pwogresif pa pwofesè a. Yon pwogresyon ki rekòmande genyen ladan:

1. Avètisman elèv la
2. Rele paran an lakay la konekte nan PowerSchool
3. Retni pou elèv la
4. Lòt travay pou elèv la
5. Ranzwa administratè a (aprè 5 oswa plis TDY nan klas la)

## **Reta nan Lekòl**

1. Elèv ki rive lekòl la 45 minit aprè lekòl la kòmanse pral genyen obligasyon pou akonpanye pa yon paran oswa yon gadyen legal. Si yo pa fè kontak ak paran an, elèv la ap ka rantre lekòl la men kapab tonbe anba mezi disiplinè pa administrè a. Yo dwe ranvwaye konpòtman reta regilye an bay Ekip SRBI a epi bay Ekip Prezans Lekòl la.

2. Elèv ki anreta yo dwe swiv pwosedi ke lekòl la etabli pou admisyon. Nan ka nepòt absans, paran oswa gadyen legal yo dwe rele lekòl timoun yo nan jou absans lan pa pita pase 10:00 a.m.

## POLITIK KONT ENTIMIDASYON

Bridgeport Public Schools angaje nan kreye ak mentni yon anviwònman edikatif ki fizikman, emosyonèlman epi entelektyèlman sekirize epi ki pa genyen entimidasyon, asèlman ak diskriminasyon. Selon lwa eta a ak politik sou prevansyon entimidasyon Bridgeport Public Schools la, Bridgeport Public Schools entèdi yon fason ouvèt tout fòm konpòtman entimidasyon:

- nan espas lekòl la
- nan aktivite ki esponnsorize pa lekòl la oswa nan aktivite ki lye ak lekòl la, fonksyon oswa pwogram, keseswa nan espas lekòl la oswa se pa nan espas lekòl la
- nan yon arè otobis lekòl la, oswa nan yon otobis lekòl la oswa lòt veyikil ki posede pa komisyon edikasyon reyjonal oswa lokal la, veyikil li lwe, oswa itilize oswa atravè itilizasyon yon aparèy elektwonik oswa yon mobil elektwonik ki posede, ki lwe oswa ki itilize pa Bridgeport Public Schools

Elèv ki angaje nan konpòtman entimidasyon yo pral tonbe anba sanksyon lekòl la, epi jiska ekspilsyon, selon Manyèl sa a nan sanksyon elèv la, sispanson ak ekspilsyon epi yon fason regilye ak lwa eta a ak lwa federal la.

Pou objektif politik sa a, “**Entimidasyon**” vle di itilizasyon pa youn oswa plis elèv de yon komunikasyon ekri, vèbal oswa elektwonik, tankou sibè-entimidasyon, ki dirije vè oswa ki refere ak yon lòt elèv ki nan menm distri lekòl la, oswa yon aksyon oswa yon jès fizik pa youn oswa plis elèv yon fason repete fwa ki dirije vè yon lòt elèv ki nan menm distri lekòl la ki:

1. Lakoz domaj fizik oswa domaj emosyonèl pou elèv sa a oswa domaj nan pwopriyete elèv sa a
2. Mete elèv sa a nan laperèz oswa domaj ki rezonab pou li, oswa domaj nan pwopriyete l
3. Kreye yon anviwònman ostil nan lekòl la pou elèv sa a
4. Vyole dwa elèv sa a nan lekòl la
5. Vrèman pètibe pwosesis edikasyon an oswa bon fonksyonman yon lekòl

### **Entimidasyon dwe genyen laban men pa limite ak:**

1. Yon komunikasyon ekri, vèbal oswa elektwonik
2. Yon aksyon fizik oswa yon jès ki fonde sou yon karakteristik ki kreye diferans, tankou ras, koulè, reliyon, zansèt, oriigin nasyonal, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl ak ekspresyon, sitiyasyon sosyo-ekonomik, sitiyasyon akademik, aparans fizik, oswa andikap mantal, fizik, devlopmantal oswa

andikap sansoryèl

3. Asosiyasyon avèk yon moun oswa yon gwoup ki genyen oswa yo remake ki genyen youn oswa plis nan karakteristik sa yo

Pou objektif politik sa a, "**Sibè-entimidasyon**" vle di nenpòt zak atravè Entènèt la, teknoloji enteraktif ak teknoloji nimerik, telefòn mobil

Telefòn oswa lòt aparèy elektwonik oswa nenpòt lòt komunikasyon.

**Tanpri ale nan Seri 5000 pou jwenn tout Politik sou Entimidasyon an.**

## POLITIK KONT BIZITAJ (HAZING)

Objektif politik sa a se pou mentni yon anviwònman aprantisaj ki sekirize pou elèv yo ak manm pèsonèl la ki pa genyen okenn bizitaj (hazing). Aktivite bizitaj nenpòt tip pa konpatib avèk objektif edikatif distri lekòl la epi yo entèdi yo tout tan.

### Deklarasyon Politik/Definisyon

Yo konsidere bizitaj kòm yon enfrakson Tip III nan Kòd Kondwit Elèv la epi pral soumèt elèv la nan pinisyon ki apwopriye pou enfrakson Tip III yo. Anplis, elèv yo ta dwe okouran ke bizitaj ka konstitiye tou yon vyolasyon Lwa Kriminèl Connecticut la kòm yon fòm agresyon epi ka rann elèv la responsab pou arrestasyon ak pouswit, menm ak responsablite civil.

Bizitaj defini kòm tout fòm oswa tip move tretman fizik, vèbal, ak/oswa emosyonèl, abi, ak/oswa asèlman yon elèv an relasyon avèk patisipasyon yon elèv nan oswa patisipasyon yon elèv nan ekip espòtif entèskolè oswa yon nenpòt aktivite ki esponnsorize pa lekòl la ak/oswa fòse, mete presyon oswa entimidite nenpòt elèv pou li patisipe nan nenpòt aktivite ilegal oswa aktivite ki pa apwopriye avèk patisipasyon elèv yo oswa patisipasyon nan sa ki vini apresa a. Bizitaj entèdi keseswa li rive pandan, anvan oswa aprè sezon an oswa jou lekòl la.

### Responsablite Antrenè/Konseye yo

N ap jwenn Politik Bridgeport Public Schools la atache, sa ki pral enkli nan Kòd Kondwi Elèv la. Respekte politik sa a se yon egzijans patisipasyon ki obligatwa nan aktivite espòtif entè-eskolè ak aktivite ki esponnsorize pa lekòl la. Antrenè oswa konseye yo genyen obligasyon, anvan kòmansman sezon an/aktivite a, pou rankonte avèk manm ekip la/manm klèb la ak asistan yo. Antrenè yo responsab pou asire ke jwèt yo/manm ak antrenè adjwen/konseye yo respekte politik sa a.

Nan ka kote yon antrenè vin okouran de nenpòt vyolasyon politik sa a, li dwe enfòme Direktè Espòtif la ak/oswa administratè lekòl la touswit. Si oumenm oswa antrenè adjwen an/konseye yo pa rive asire tout respè politik sa a, sa kapab mennen yon kondwit, epi ki genyen ladan rezilyasyon an. Anplis, antrenè/konseye yo ta dwe okouran ke bizitaj nan divès fòm souvan konstitiye vyolasyon nan Lwa Kriminèl Connecticut la sou baz ke aktivite ki konsidere kòm bizitaj yo konstitiye kèk fòm bizitaj ak/oswa patisipasyon nan lòt aktivite ilegal. Pèmèt egzistans aktivite bizitaj sa yo avèk tout volonte, ak/oswa tolere aktivite sa yo, kapab mennen nan responsablite kriminèl oswa sanksyon civil.

## **Fòmasyon**

Direktè Espòtif la pral rankontre avèk tout antrenè yo anvan sezon an pou egzamine politik sou bizitaj la. Tout antrenè yo pral resevwa kopi politik la. Administratè lekòl la pral rankontre avèk tout pwofesè yo nan kòmansman ane lekòl la epi lòt fwa lè sa apwopriye, pou egzamine politik sou bizitaj la. Tout pwofesè yo pral resevwa yon kopi politik la.

## **Pwosedi pou Rapò**

1. Tout mou ki kwè ke li te viktim bizitaj oswa nenpòt moun ki genyen konesans oswa kwayans de kondwit ki kapab konstitiye bizitaj pral deklare aksyon li panse ki bizitaj la touswit bay administratè lekòl la ak Direktè Espòtif la.
2. Administratè batiman an ak Direktè Espòtif la se moun ki responsab pou resevwa deklarasyon bizitaj nan nivo batiman an.
3. Soumisyon yon plent avèk tout bòn fwa oswa deklarasyon bizitaj p ap afekte demandè fiti anplwa, nòt oswa atribisyon travay demandè a moun k ap fè deklarasyon an.

## **Aksyon Distri Lekòl la**

1. Lè distri lekòl la resevwa yon plent oswa yon deklarasyon ki konsène bizitaj, distri lekòl la pral kòmanse yon ankèt touswit.
2. Yon fwa ankèt la fini, distri lekòl la pral pran mezi ki apwopriye, si genyen, selon Kòd Kondwi Bridgeport Public Schools la ak/oswa Politik ak/oswa pwosedi Distri a.

Distri Bridgeport Public Schools la genyen yon Politik itilizasyon ki akseptab sou Entènèt pou ankouraje echanj enfòmasyon ki soutni aprantisaj epi ki ankouraje rechèch. Objektif sa a akonpli yo bay itilize yo aksè nan lojisyèl ki sitiye nan sèvè fichye yo ak Entènè epi bay kapasite pou voye imèl. Sa konfòm avèk misyon Distri Bridgeport Public Schools la. Itilize Entènèt la se yon privilèj, se pa dwa elèv la, epi li ta dwe itilize pou objektif edikasyon sèlman. Yo pral bay aksè elèv ki abize yo de privilèj sa a epi kapab fè fas ak mezi disiplinè.

### **Règleman**

1. Chak elèv k ap mande aksè nan lyen Entènèt Bridgeport la dwe ranpli Fòmilè Akò sou Kont Elèv la epi fè yon paran oswa yon gadyen legal siyen I. Tout itilizasyon rezo a san otorizasyon entèdi.
2. Ni rezon ansèyman Bridgeport la ni aksè nan Entènèt la pa dwe itilize pou itilize komèsyal, politik, relije oswa objektif ilegal.
3. Itilizatè yo pa kapab itilize sistèm nan okenn fason ki ensilte, pètibe, ki ofansif, repreyansif oswa ki kontré ak objektif edikatif Distri a.
4. Yo entèdi itilizasyon Entènèt Bridgeport la pou aksede oswa pou voye mesaj obsèn, mesaj pònografik oswa mesaj ki seksyèlman eksplisit, ti komik, blag, pwopozisyon endezirab, oswa lèt womantik, mesaj ki ankouraje nenpòt vyalans oswa menas, ensilt rasyal, etnik oswa ensilt relije oswa tout lòt tip mesaj ki kapab entèprete kòm asèlman oswa denigreman lòt moun sou baz sèks, ras, oryantasyon seksyèl yo, laj, orijin nasyonal oswa kwayans relije oswa politik.
5. Li entèdi pou voye materyèl kritik administrasyon lekòl la, pwofesè, manm pèsonèl, elèv oswa nenpòt moun ki asosye avèk distri lekòl la.
6. Li entèdi pou fè asele itilizatè rezo a, pou enfiltre nan sistèm enfòmatik ak/oswa ou andomaje konpozan lojisyèl yo.
7. Abònman sèvè lis yo, nouvo gwoup, tablo afichaj oswa tout lòt sèvis pwomosyonèl pral fè tonbe anba egzaminasyon ak apwobasyon manm pèsonèl Distri a.
8. Move itilizasyon volontè de rezo a ak ekipman li yo pral konsidere kòm yo zak vandalis epi pral lakoz itilizatè a tonbe an mezi disiplinè. Distri a pral kenbe itilizatè a kòm responsab finansyèman pou tout domaj yo sibi.

9. Okenn moun pa dwe antre oswa modifye san otorizasyon yon dokiman, swa sou papye oswa elektwonik, epi moun sa yo pa gendwa kreye yo tou.
10. Chak itilizatè dwe efase mesaj imèl yo regilyèman pou konsève espas estokaj la.
11. Enstalasyon lojisyèl sou òdinatè Distri a dwe apwouve alavans pa Direktè Teknoloji Enfòmasyon an epi dwe sèlman reyalize pa manm pèsonèl sipò teknik la.
12. Yo p ap tolere blasfèm oswa obsenite. Tout manm yo nan kominate a pral itilize langaj ki apwopriye pou sitiyasyon lekòl yo jan Kòd Kondwi Bridgeport Schools la endike sa.
13. Yo pa otorize izipasyon idantite, anonyma oswa sidonim. Moun yo pral responsab pou aksyon ak mo yo.
14. Okenn moun pa dwe itilize Rezo Distri a pou objektif pou fè acha sou entènèt.

### **Sanksyon pou Itilizasyon ki Pa Apwopriye**

1. Tout itilizatè ki vyole règleman sa yo ak lwa eta ak lwa federal ki aplikab la kapab pèdi privilèj yo nan rezo a ak tout lòt opsyon disiplinè Distri a ki founi pa Lwa Eta a, nan Politik Komisyon an oswa nan Kòd Kondwit Bridgeport Public Schools, ki genyen ladan, men pa limite ak: pèt privilèj nan rezo a/Entènèt, sispansyon ak/oswa ekspilsyon.
2. Itilizatè ki entansyonèlman andomaje ekipman yo, ki eseye chaje oswa telechaje lojisyèl ki pa otorize, ki eseye aksede nan kont yon lòt itilizatè oswa nan kont lekòl la oswa ki montre mank konsiderasyon pou règleman sa yo pral tonbe anba mezi disiplinè.
3. Domaj ki lakoz nan lòt rezo yo aksede ladan yo pral fè itilizatè a tonbe anba menm mezi disiplinè ak domaj nan Rezo/Entènèt la, menm jan ak tout pouswit kriminèl ki posib.

Bridgeport Public Schools genyen kòm politik pou entèdi diskriminasyon ilegal ki baze sou sèks nan nenpòt fòm, ki genyen ladan asèlman seksyèl oswa lòt fòm diskriminasyon seksyèl nan espas travay ak nan rekritman, randevou ak nan avansman anplwaye yo, jan sa endike nan Tit VII nan Lwa 1964 la sou Dwa Sivil ak Tit IX nan Amannman 1972 la sou Edikasyon. Li entèdi pou fè diskriminasyon ki baze sou sèks elèv yo nan saldeklas la ak andeyò saldeklas la ak nan evalyasyon pèfòmans travay akademik elèv la, ki genyen ladan asèlman seksyèl, jan sa endike nan Tit IX la. Politik sa a konfòm ak lespri ak entansyon divès machaswiv federal la ki abòde pwoblèm pratik anplwa ki ekitab, nòm etik ak pwosedi aplikasyon lalwa yo.

Selon politik Komisyon Edikasyon Bridgeport a, asèlman seksyèl se yon kondwit ilegal epi se yon diskriminasyon ki pa jistifye kont dwa lòt moun yo. Komisyon an p ap dakò ni tolere okenn kondwit vèbal oswa kondwit fizik pa elèv yo, anplwaye oswa lòt moun k ap fè biznis oswa k ap fè volontarya nan Bridgeport Public Schools, gason oswa fanm, ki t ap konstitiye asèlman seksyèl. Moun ki angaje nan asèlman seksyèl pral tonbe anba mezi ki apwopriye, ki genyen ladan men pa limite ak: counseling edikatif, reprimann, pwobasyon, sispansyon, ekspilsyon, mete deyò nan Bridgeport Public Schools oswa aksyon sivil oswa aksyon kriminèl.

Yo ankouraje anplwaye yo ak elèv yo pou prevni, deklare ak korije tout ka asèlman seksyèl ki rive nan Bridgeport Public Schools. Yo prevwa pou alèv yo respekte yon nòm kondwit ki respektive epi ki koutwa pou lòt elèv yo. Anplis, li vrèman pa apwopriye epi inakseptab pou genyen nenpòt relasyon womantik oswa relasyon seksyèl ant anplwaye ak Komisyon an epi ak elèv yo, keseswa kondwit sa yo konstitiye asèlman seksyèl oswa li pa konstitiye asèlman seksyèl jan sa defini nan politik sa a.

### **Definisyon**

Yo defini asèlman seksyèl kòm tout avans seksyèl endezirab, deman pou favè seksyèl ak lòt kondwi vèbal, vizyèl oswa fizik ki genyen yon nati seksyèl, ki fèt pa yon moun nan anviwònman travay la oswa nan anviwònman edikatif la. Genyen asèlman seksyèl lè:

1. Soumisyon ak kondwit la kreye yon tèm oswa yon kondisyon yon fason eksplisit oswa enplisit nan anplwa yon moun, sitiyasyon oswa pwogrè akademik li.
2. Moun nan soumèt oswa rejte kondwit la lè li itilize kòm baz pou desizyon sou anplwa ak/oswa desizyon edikatif ki afekte moun nan.

3. Kondwit la genyen objektif oswa efè pou genyen yon enpak negatif sou travay moun nan oswa pèfòmans akademik li oswa pou kreye yon anviwònman travay oswa yon anviwònman edikatif ki entimidans, ki ostil oswa ki ofansif.
4. Asèlman seksyèl, jan sa defini nan Seksyon II-A, kapab genyen ladan men pa limite avèk eleman sa yo:
  - a. Lèt sijestif oswa lèt obsèn, nòt, kòmantè dewogatwa, ensilt, blag, epitèt, pwopagasyon rimè seksyèl, jès ki obsèn, afiche objè ki seksyèlman sijestif, imaj, desen anime oswa grafiti.
  - b. Kòmantè vèbal, sijesyon, demann, kontak fizik oswa atansyon ki genyen karaktè seksyèl ki endezirab oswa ki jenan.
  - c. Konpòtman seksyèl konvenkan ki itilize pou kontwole, enfliyanse oswa menase lòt elèv pou patisipe nan aktivite.
  - d. Konpòtman seksyèl konvenkan ki itilize pou kontwole, enfliyanse, oswa pou afekte opòtinite edikatif, nòt, ak/oswa anviwònman aprantisaj yon elèv.
  - e. Elèv ki nan klas ki plis pou gason/fanm ki fè sijè remak seksyèl.

### **Pwosedi pou Plent**

1. Tout anplwaye, elèv oswa lòt moun nan kominate lekòl la ki viktims asèlman seksyèl pa yon elèv ta dwe deklare dosye a byen vit bay yon pwofesè, yon konseye oryantasyon oswa yon administratè ki pral dirije yo vè Kowòdonatè/Responsab ki dezinye nan Tit IX la. Yo pral mande moun k ap depoze plent lan pou ranpli yon fòmilè pou plent.
2. Si moun k ap depoze plent lan se yon elèv minè, Kowòdonatè/Responsab Tit IX lan pral evalye si kondwit la konstitiye baz pou yon rapò abi sou timoun, si wi, li pral swiv pwosedi deklarasyon abi sou timoun nan pou Distri a. Kowòdonatè/Responsab Tit IX lan pral fè tout ankèt ki nesesè epi pral transfere prezime aselè a bay administratè a pou plis aksyon, sa ki kapab genyen ladan ranvwa nan counseling oswa pwosedi disiplinè.
3. Yon akizasyon ki fonde sou yon elèv pral fè elèv tonbe anba mezi disiplinè ki genyen ladan sispanyon oswa ekspilsyon. Kòm yon règ jeneral, asèlman sèksyèl vèbal oswa asèlman seksyèl ekri pral konstitiye yon enfraksyon Disiplinè Tit I epi asèlman seksyèl fizik la pral konstitiye yon enfraksyon Disiplinè Tip II oswa Tip III, sa depan de gravite move kondwit la. Move kondwit

ki repete kapab konstitiye yon enfraksyon Disiplinè Tip III.

4. Kowòdonatè/Responsab Tit IX a pral fè yon deklarasyon ekri ki rezime rezilta tout ankèt ak amezi ki pran yo nan delè ki pa depase kenz (15) jou epi yo pral enfòme moun k ap depoze plent lan ak prezime aselè a konsènan rezilta tout ankèt ak mezi ki te pran yo.
5. Si moun k ap depoze plent lan pa satisfè avèk rezolisyón an, li pral depoze yon apèl ekri bay Reprezantan Sipè-entandan an, ki pral egzamine deklarasyon ekri Kowòdonatè/Responsab Tit IX la epi kapab fè plis ankèt. Direktè Etid la oswa Reprezantan an pral detèmine si lòt mezi jistifye epi pral depoze yon deklarasyon sou mezi yo pran nan kad apèl la. Yo pral voye deklarasyon an bay moun k ap depoze plent lan ak prezime aselè a.
6. Tout elèv ki viktím asèlman seksyèl de yon anplwaye oswa lòt moun k ap fè biznis oswa voluntarya nan Bridgeport Public Schools la ta dwe deklare dosye a byen vit bay yon pwofesè, yon konseye oryantasyon, yon administratè oswa bay Biwo Resouzimèn Bridgeport Public Schools a. Si moun k ap depoze plent lan se yon elèv minè, Direktè Egzekitif Resouzimèn nan pral detèmine si kondwit la konstitiye baz pou yon rapò abi sou timoun, si wi, li pral swiv pwosedi deklarasyon abi sou timoun nan pou Distri a. Direktè Egzekitif Resouzimèn nan oswa reprezantan li a pral mennen ankèt sou demann sa yo san pèdi tan epi pral pran mezi ki apwopriye. Administrasyon an pral enfòme moun k ap depoze plent lan epi pral pran mezi ki apwopriye.
7. Si moun k ap depoze plent lan pa satisfè avèk rezolisyón an, li kapab depoze yon apèl ekri nan delè ki pa depase dis (10) jou bay Sipè-entandan lekòl la ki pral egzamine dosye ankèt la epi kapab mennen plis ankèt. Sipè-entandan an pral prepare yon rapò ankèt la epi pral rekòmande yon desizyon bay Komisyon Edikasyon an. Nan tout ka, yo entèdi tout zak reprezay kont yon moun k ap depoze yon plent.

Tout elèv nan PK-12 pral mete inifòm ki obligatwa pandan chak jou lekòl la. Tout elèv k ap transfere nan Distri Bridgeport Public Schools la soti nan yon lòt distri lekòl pandan ane lekòl la pral genyen otorizasyon ak sèt (7) jou peryòd de gras kote pandan moman sa li p ap resevwa sanksyon paske li pa rive mete inifòm ki obligatwa a. Inifòm lekòl ki obligatwa a genyen ladan:

- **Pantalon:** Pantalon ki genyen estil wòb oswa Docker dwe mete avèk yon sentiwon nan senti a; koulè espesifik pantalon inifòm nan pral detèmine pa lekòl espesifik la.
- **Jip, Jumpers oswa Skorts:** Ta dwe rive nan nivo jenou oswa pi long. Chemizye oswa mayo polo dwe mete anba jumper a.
- **Bout pantalon:** Longè jenou oswa bout pantalon ki genyen estil Docker dwe mete avèk yon sentiwon.
- **Chemiz:** Polo ki genyen kolye oswa chemiz a (manch long oswa manch kout). Lòt koulè anplis, reprezantatif de lekòl endividyal Bridgeport timoun nan asiste, pral akzeptab tou.
- **Sweatshirt/Sweaters:** Pullover, zipe oswa cardigan, nan koulid inik espesifik ak lekòl la, san modèl, kagoul, dekorasyon oswa ilbelil. Yon jilè oswa yon blazer nan koulè reprezantatif lekòl Bridgeport timoun nan pral otorize tou.
- **Soulye/Tenis:** Yo wotman rekòmande soulye pase tenis. Anplis de soulye, yo otorize tenis ak bòt kotidye ki apwopriye. Lasèt nan soulye, tenis oswa bòt dwe mare. **PA METE SANDAL, Flip FLOPS, SLIDES OSWA PANTOUF.**
- **Rad Lajounen pou Edikasyon Fizik:** Elèv yo kapab mete pantalon /mayo nan lekòl la pandan jou edikasyon fizik ki pwograme a. Yo otorize mayo ak bout pantalon ki apwouve.

Manm pèsònèl la ta dwe asire ke tout elèv yo respekte Politik sou Inifòm Lekòl la. Lè yon elèv pa rive respekte politik sou inifòm lekòl la, pwosedi sou disiplinè yo pral aplike:

**Premye Enfraksyon:** Konsiltasyon avèk paran/gadyen legal

**Dezyèm Enfraksyon:** Avètisman vèbal ak notifikasyon bay paran/gadyen legal la

**Twazyèm ak Lòt Enfraksyon:** Prezans nan pwogram espesyal ak aktivite yo kapab anile oswa retni jiskaske elèv la vin lekòl la an inifòm. Si mezi disiplinè ki mansyone anwo a pa respekte politik sou inifòm nan, Administratè a kapab enpoze disiplin ki plis sevè, men pa kapab enpoze yon sispanson nan lekòl la oswa andeyò lekòl la selon Conn. Gen. Stat. §10-

233c(g).

Tanpri sonje okenn elèv pa ta dwe resevwa sanksyon akoz mank kapasite I pou achte rad inifòm ki apwopriye. Si yon elèv pa anmezi pou respekte politik sou inifòm nan akoz mank resous, administratè a ta dwe asiste fanmi an jwenn rad inifòm nan.

Yo entèdi tout rad nan lekòl la, bijou oswa akseswa ki nwi sekirite oswa ki ogmante risk domaj pou tèt li oswa pou lòt moun oswa ki lakoz malèz pou lòt moun, (ki genyen ladan mank pwoprete, langaj obsèn, ofansif, senbòl, ensiy gang) piblisite oswa ankouraje itilizasyon alkòl oswa dwòg, pònografi, difamatwa ki entrensèkman siseptib pou kontrarye lòt moun yo.

Pou asire sekirite, ak enterè edikatif lekòl yo, elèv yo pa dwe mete rad sa yo : manto ki fèt pou mete anplennè, lekòl oswa vant deyò, kouvèti pou vizaj, rad transparan, pantalon ki genyen souvètman ki vizib oswa tout linèt san preskripsyon.

Se politik Bridgeport Public Schools pou tout elèv yo ak/oswa paran yo genyen dwa pou fè apèl tout pwoblèm ki parèt nan sitiyasyon yo antanke elèv ak paran epi yo pral ankouraje yo pou egzèse dwa sa a san laperèz rekriminasyon. Se pou objektif sa a pou yo etabli yon pwosedi apèl pou paran. Pou asire ke yo korije tout pwoblèm osito sa posib, yo te etabli delè pou asire yon atansyon rapid pou chak pwoblèm. Se elèv la/paran an pa trete apèl sa a nan limit tan ki defini an, li pral konsidere kòm ok epi p ap louvri yon apèl ankò.

Pwosesis apèl la kapab itilize pou abòde tout sitiyasyon ki rive nan pwosedi nòmal lekòl la, ki lakoz yon elèv epi/oswa yon paran kwè ke li te genyen tò. Yo ankouraje elèv ak paran yo pou diskite sou enkyetid yo yon fason enfòmèl avèk moun ki enplike a (yo) anvan yo invoke pwosesi apèl fòmèl yo.

### Inisyasyon

Yon paran oswa yon elèv kapab kòmanse yon pouswit pou apèl lè swa elèv la oswa paran l/gadyen legal li kwè te genyen yon vyolasyon oswa yon move aplikasyon nan Kòd Kondwit Elèv la, Politik Komisyon Edikasyon an, Iwa/regleman eta oswa federal la.

### Pwosedi pou Apèl

Pwosedi pou kòmanse yon apèl fòmilè se pral:

#### Etap 1- Konferans Administratè a

Yon elèv ak/oswa pran/gadyen legal la ki swete fè apèl pwosedi a pral bezwen fè yon demann ekri pou yon konferans avèk administratè a pou diskite sou plent lan epi chèche yon rezolisyon. Yo pral obsève machaswiv sa yo nan Eta 1 an:

- Yo dwe depoze yon apèl ositi posib, men pa dwen okenn ka pi plis pase trant (30) jou aprè divilgasyon fè ki te kòmanse plent lan.
- Administratè a pral akòde konferans lan nan delè ki pa depase senk (5) jou aprè akize resepsyon an.
- Demann lan pral genyen ladan yon deklarasyon ki dekri plent lan epi ki site politik, règ oswa Iwa li kwè yo vyole a.
- Administratè a pral deklare pozisyon l sou kesyon an alekri bay elèv la/paran an nan delè ki pa depase senk (5) jou lekòl aprè konferans lan.
- Se sèlman paran an/gadyen legal la oswa yon moun k ap aji nan loco parentis pral otorize pou rejwenn oswa pou reprezante elèv la nan konferans avèk administratè a.
- Pwogram/plasman elèv la p ap chanje pandan y ap tann rezulta

apèl la.

## **Etap 2- Apèl bay Reprezantan Sipè-entandan an (Sipè-entandan Adjwen/Egzekitif/Direktè Egzekitif)**

Si apèl la pa rezoud nan Etap 1 an, elèv oswa paran an/gadyen legal la kapab fè apèl desizyon administratè a alekri bay Sipè-entandan Adjwen/Direktè Egzekitif oswa Reprezantan ki apwopriye a. Apèl la dwe fèt nan delè ki pa depase senk (5) jou lekòl aprè yon deklarasyon resepsyon pozisyon administratè a nan Etap 1 an. Sipè-entandan Adjwen/Direktè Egzekitif oswa Reprezantan an pral egzamine apèl la nan delè ki pa depase senk (5) jou aprè yo fin resevwa apèl la. Yo pral voye yon repons ekri bay elèv la, paran/gadyen an ak administratè a de Sipè-entandan Adjwen/Direktè Egzekitif oswa Reprezantan a nan delè ki pa depase dis (10) jou aprè egzaminasyon Sipè-entandan Adjwen an/Direktè Egzekitif oswa Reprezantan an.

## **Etap 3- Apèl bay Sipè-entandan Lekòl la**

Si apèl la pa rezoud nan Etap 2 a, elèv la oswa paran/gadyen legal la kapab fè apèl desizyon Sipè-entandan Adjwen an/Direktè Egzekitif la oswa desizyon Reprezantan an alekri bay Sipè-entandan Lekòl yo. Apèl la dwe fèt nan delè ki pa depase senk (5) jou aprè yo fin resevwa deklarasyon pozisyon Sipè-entandan Adjwen/Direktè Egzekitif la oswa Reprezantan an nan Etap 2 a. Sipè-entandan an oswa reprezantan an pral egzamine doleyans lan nan delè ki pa depase senk (5) jou lekòl aprè yo fin resevwa apèl la. Yo pral voye yon repons ekri bay elèv la, paran/gadyen an ak administratè a de Sipè-entandan oswa Reprezantan a nan delè ki pa depase dis (10) jou aprè egzaminasyon Sipè-entandan an.

## **Etap 4- Apèl nan Komisyon Edikasyon an**

Si doleyans lan pa rezoud nan Etap 3 a, elèv la oswa paran/gadyen legal la kapab fè apèl desizyon Sipè-entandan an bay Bridgeport Public Schools alekri nan delè ki pa depase dis (10) jou aprè repons lan nan men Sipè-entandan an nan Etap 3 a. Yo pral konsidere desizyon Komisyon an kòm desizyon final.

## **Ekspilsyon**

Si administrasyon lekòl la refere yon dosye pou ekspilsyon, yo dwe bay avi ki apwopriye konsènan pwoesis ekspilsyon an ak odyans lan, jan sa defini nan 10-233d ak 4-177 nan Lwa Jeneral Connecticut la. Avi sa a dwe fèt alekri epi dwe remèt bay paran yo oswa gadyen legal elèv la **omwen senk jou ouvrab anvan pwoesis ekspilsyon an epi**

genyen ladan:

1. Enfòmasyon konsènan dwa legal paran an oswa gadyen legal la oswa elèv la
2. Ki deklare ke yon avoka oswa yon lòt dwayen kapab reprezante nenpòt elèv ki tonbe anba pouswit ekspilsyon ak enfòmasyon konsènan sèvis legal ki kapab disponib gratis oswa avèk yon frè redwi ki disponib nan lokalite a ak fason pou jwenn aksè nan sèvis sa yo.
3. Dwa ke paran oswa gadyen legal elèv la dwe genyen pou ranvwaye odyans pou ekspilsyon an pou jiska yon semèn pou bay tan pou jwenn reprezantasyon.
4. Yon deklarasyon de lè a, lye a, ak nati odyans lan, otorite legal ak jiridiksyon odyans lan dwe fèt selon li a, yon referans nan seksyon patikilye nan Lwa ak regleman ki enplike yo ak yon kout deklarasyon ak deklarasyon ki klè konsènan alegasyon ki mennen nan odyans pou ekspilsyon an.

Si yo pran yon desizyon pou mete yon timoun deyò, distri lekòl la pral swiv Nòm Depatman Edikasyon Eta a pou Opòtinite Edikatif pou Elèv ki Ekspilse" pou detèmine yon plasman ki apwopriye pou elèv la pandan peryod ekspilsyon ki satisfè egzijans C.G.S. §§10-74j, 10-74k yo ak §10-233d jan sa amande pa Lwa 17-220 sou Lwa Piblik la, ki devlope yon plan edikasyon pèsonalize epi kontwole ak egzamine plasman elèv sa a.

## **NOTIFIKASYON ANYÈL SOU DWA PARAN KI LYE AK DOSYE LEKÒL LA SELON FERPA A**

Lwa sou Dwa Edikatif Familyal ak sou Vi Prive (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA), 20 U.S.C. § 1232g, et seq. akòde paran ak elèv ki elijib yo, tankou elèv ki genyen plis pase 18 lane, minè ki emansipe ak sila yo ki nan enstitisyon edikatif pòs-segondè yo, sèten dwa pou a ki konsène dosye edikatif elèv la. W ap jwenn dwa sa yo anba a:

1. Dwa pou enspekte ak egzamine dosye edikatif elèv la nan delè ki pa depase karannsenk (45) jou kalandriye aprè jou lekòl la resevwa yon demann pou aksè.
2. Paran oswa elèv ki elijib yo ta dwe soumèt bay administratè a yon demann ekri ki idantifye dosye yo swete enspekte a. Administratè a pral planifye aksè epi pral enfòme paran/gadyen legal oswa elèv ki elijib la konsènan lè ak lye kote yo kapab enspekte dosye yo.
3. Dwa pou mande amannman dosye edikatif elèv la nan paran/gadyen legal oswa elèv ki elijib yo kwè ke enfòmasyon yo pa egzat, yo fo oswa yon lòt fason ki vyole dwa sou vi prive elèv la. Demann sa a ta dwe fèt alekri bay administratè lekòl la epi ta dwe klèman idantifye enfòmasyon sa yo epi presize rezon ki fè enfòmasyon yo pa egzat, ki fo oswa ki otreman vyole dwa elèv sou vi prive elèv la.
4. Si lekòl la deside pou pa amande dosye a pa paran/gadyen legal oswa elèv ki elijib yo, elèv la pral enfòme paran an/gadyen legal la oswa elèv ki elijib la konsènan desizyon ak dwa yo genyen pou yon odyans konsènan demann pou amannman an. Yo pral bay paran/gadyen legal oswa elèv ki elijib yo enfòmasyon konsènan pwosedi odyans lan oswa lè yo enfòme yo konsènan dwa yo genyen pou yon odyans.
5. Dwa pou bay konsantman ekri anvan lekòl la divilge enfòmasyon pèsònèl, enfòmasyon ki idantifyab (PII) nan dosye edikatif elèv la eksepte nan mezi FERPA a otorize divilgasyon san konsantman.

**Nòt:** Yon eksepsyón, ki pèmèt divilgasyon san konsantman, se divilgasyon bay responsab lekòl yo ki genyen enterè edikatif ki legal yo. Yon responsab lekòl la ki se yon moun ki anplwaye pa lekòl la antanke yon administratè, sipèviziè, enstriktè oswa manm pèsònèl soutyen (ki genyen ladan manm pèsònèl sante oswa manm pèsònèl medikal ak pèsònèl inite fòsdelòd yo) oswa yon moun k ap sèvi nan Komisyon lekòl la. Epitou yon responsab lekòl la kapab

enkli tou yon volontè oswa yon antreprenè andeyò lekòl la ki reyalize sèvis enstitisyonèl oswa fonksyon ke lekòl la t ap otreman itilize pwòp anplwaye li yo pou li epi ki sou kontwòl dirèk lekòl la pou sa ki konsène itilizasyon ak mentnans PII nan dosye edikatif yo, tankou: yon avoka, yon oditè, konsiltan medikal oswa terapeut. Yon paran oswa yon elèv k ap fè volontarya pou sèvi nan komite ofisyèl la, tankou yon komite disiplinè oswa yon komite pou doleyans, oswa yon paran, elèv oswa lòt volontè k ap asiste responsab yon lòt lekòl pou reyalize tach li yo. Yon responsab lekòl la genyen yon enterè edikatif si responsab la bezwen egzamine yon dosye edikatif pou li akonpli responsabilite pwofesyonèl li.

Sou demann, lekòl la divilge dosye edikatif yo san konsantman pou responsab yon lòt distri lekòl kote elèv la chèche oswa genyen entansyon pou enskri oswa deja enskri si divilgasyon an se pou objektif enskripsiyon oswa transfè elèv la.

6. Dwa pou depoze yon plent nan Depatman Edikasyon Etazini an konsènan prezime echèk pa lekòl la pou respekte egzijans FERPA a. Non ak adrès biwo ki administre FERPA a se:

**Biwo Konfòmite ak Politik Familyal**  
**Depatman Edikasyon**  
**Etazini an 400 Maryland**  
**Avenue, S.W. Washington,**  
**DC20202-4605**

FERPA a pèmèt divilgasyon PII nan dosye edikatif elèv la san konsantman paran/gadyen oswa elèv ki elijib la si divilgasyon an reponn kèk kondisyon ki nan regleman §99.31 FERPA a. Eksepte pou divilgasyon bay responsab lekòl yo, divilgasyon ki lye ak kèk òdonans jidisyè oswa sitasyon ki legal pibliye, divilgasyon enfòmasyon sou repètwa ak divilgasyon bay paran/gadyen legal oswa elèv ki elijib, nan regleman §99.32 FERPA a, mande lekòl la pou anrejistre divilgasyon an. Paran/gadyen legal ak elèv ki elijib yo genyen dwa pou enspekte ak egzamine dosye divilgasyon yo. Yon lekòl kapab divilge PII ki nan dosye edikatif yon elèv san jwenn konsantman ekri alavans de paran/gadyen legal oswa elèv ki elijib la:

- Pou lòt responsab lekòl ki genyen ladan pwofesè nan ajans edikatif oswa enstitisyon ke lekòl la te detèmine ki genyen enterè edikatif ki legal. Sa genyen ladan: antreprenè, konsiltan, volontè oswa lòt pati ke lekòl la te bay sèvis enstitisyonèl yo

oswa fonksyon avèk kondisyon ke kondisyon ki site nan  
§99.31(a)(1)(i)(B)(1) - (a)(1)(i)(B)(2) respekte. (§99.31(a)(1))

- Pou responsab yon lòt lekòl, sistèm lekòl la oswa enstitisyon edikasyon pòs-segondè kote elèv la chèche oswa genyen entansyon pou enskri si divilgasyon an se pou objektif ki lye ak enskripsyon oswa transfè elèv la, ki fè sijè egzijans §99.34. (§99.31(a)(2))
- Pou reprezantan ki otorize nan Kontwolè Jeneral Etazini an, Pwokirè Jeneral Etazini an, oswa Sekretè Edikasyon Etazini an oswa otorite edikatif Eta ak lokal yo, tankou ajans edikasyon Eta a nan  
eta paran/gadyen legal oswa elèv ki elijib yo (SEA). Divilgasyon selon dispozisyon kapab fè sijè egzijans §99.35, nan kad yon odit oswa yon evalyasyon pwogram edikasyon ki soutni pa federal oswa eta a oswa pou aplikasyon oswa respè avèk egzijans legal federal ki lye ak pwogram sa yo. Antite sa yo kapab fè plis divilgasyon PII a bay antite eksteryè ki dezinye pa yomenm antanke reprezantan otorize yo pou fè yon aktivite odit, evalyasyon oswa aplikasyon sou demann yo (§§99.31(a)(3) ak 99.35)
- Nan kad èd finansye elèv la te aplike pou li a oswa èd finansye elèv la te resevwa, si enfòmasyon yo nesesè pou detèmine elijiblite pou èd la, pou detèmine kantite èd la, pou detèmine kondisyon èd la, oswa pou aplike tèm ak kondisyon èd la. (§99.31(a)(4))
- Pou responsab eta ak responsab lokal oswa otorite yo espesifikman otorize enfòmasyon ki dwe deklare oswa divilge pa lwa yon eta ki konsènan sistèm jistis jivenil ak kapasite sistèm nan pou sèvi yon fason efikas, anvan jjiman an, elèv yo te divilge dosye li yo , ki fè sijè §99.38. (§99.31(a)(5))
- Pou òganizasyon k ap fè etid pou, oswa sou demann lekòl la, pou: (a) devlope, valide oswa administre tès prediktif; (b) administre pwogram èd pou elèv yo; oswa (c) pou amelyore ansèyman. (§99.31(a)(6))
- Pou òganizasyon akreditasyon yo pou egzèse fonksyon akreditasyon yo. (§99.31(a)(7))
- Pou paran yon elèv ki elijib si elèv la se yon depandan pou objektif fiskal

IRS la. (§99.31(a)(8))

- Pou respekte yon òdonans jidisyè oswa yon sitasyon ki pibliye yon fason legal. (§99.31(a)(9))
- Pou responsab ki apwopriye yo nan kad ijans sante oswa sekirite a, ki fè sijè §99.36. (§99.31(a) (10))
- Enfòmasyon ke lekòl la te dezinye kòm "enfòmasyon sou repètwa" selon §99.37. (§99.31(a) (11))

**Kondwit ki Apwopriye ak Laj sou Plan Developmantal**

Bridgeport Public Schools rekonèt ke elèv nan diferan klas ak diferan laj twouve yo nan diferan nivo devlopman, kidonk konpòtman yo pral varye epi kapab egzije diferan repons.

Depatman Edikasyon Eta a endike ke laj, nivo eskolè ak etap devlopman yon elèv kapab yon faktè rediksyon enpòtan nan ka ki enplike elèv ki jèn anpil yo ki kapab pa genyen matirite developmantal pou kapab rezoud pwoblèm sosyal yon fason efikas. Nan lòt ka, faktè kilti ak faktè komunikasyon yo dwe konsidere lè y ap entèprete konpòtman yo, espesyalman nan ka ki enplike sitiyasyon sosyal ki konplèks epi ki genyen divès sans ki ka entèprete yon fason diferan selon pwòp idantite rasyal li, etnik, langaj ak idantite kiltirèl. Nan lòt ka ankò, faktè ki lye yo tankou yon antesedan patenarya avèk paran yo, premye tantativ pou diminye konpòtman ki pa apwopriye oswa konpòtman ki danjere ak tout bezwen nan aprantisaj espesyal, emosyonèl ak bezwen konpòtmantal dwe konsidere tou.

Pou detèmine nivo entèvansyon ki apwopriye ak konsekans yo anplis de rediksyon sikontans rediksyon yo, responsab lekòl yo ta dwe konsidere klas, laj, ak nivo devlopman elèv la. Apwòch sa a kapab mennen mwens entèvansyon grav ak mwens konsekans ki grav pou elèv nivo enferyè oswa elèv ki genyen mwens laj yo parapò ak elèv nivo siperyè oswa elèv ki genyen plis laj yo.

## **TIP I/ENFRAKSYON DISIPLINÈ MINÈ**

Tip I/Enfraksyon minè se limenm ki mwens grav nan twa kategori enfraksyon ki dekri nan Kòd Kondwit Elèv la. Yon fason jeneral, enfraksyon sa yo pa konpòtman malveyan oswa danje ki merite pinisyon pa mezi ki pi sevè yo. Entansyon an se faktè ki distenge enfraksyon sa yo de enfraksyon ki plis grav ki trete kom Tip II oswa Tip III. Pou detèmine kategori pou plase enfraksyon an ladan, manm pèsònèl la pral oblige evalye entansyon elèv la.

Lekòl yo se souvan premye kote ki idantifye elèv k ap fè fas ak konpòtman sosyal, emosyonèl, oswa pwoblèm familyal ki fè enpak negatif sou pwoesisis aprantisaj la; lè yo idantifye bezwen sa yo, manm pèsònèl la ka fè ranvwa pou sèvis sipò yo.

Ekip SRBI a ki genyen ladan administrè ak manm pèsònèl sipò a, pral rankontre epi egzamine sitiyasyon elèv la anvan yon fè yon ranvwa. Nan anpil ka, ekip lekòl la pral rankontre avèk paran/gadyen legal la nan lekòl la pou dekri sèvis ki disponib yo epi eseye angaje paran yo nan yon plan ka volontè.

Yo prezante yon deskripsyon ki plis konplè nan chak enfraksyon disiplinè Minè/Tip I anba a:

### **1. Angaje nan Prank ki pa mete Moun oswa Pwopriyete an Danje**

Yon prank se jeneralman yon blag oswa yon trik malveyan ki fèt pou anbarase yon lòt mou, men ki pa nòmalman fèt pou mete moun nan oswa pwopriyete an danje. Kèk evalyasyon pral nesesè pou evalye konpòtman pou detèmine si se te yon prank oswa li fèt entansyonèl pou lakoz danje. Si yon elèv senpleman te genyen entansyon pou anbarase lòt yo, konpòtman yo pi byen klasifye kòm Tip I/Enfraksyon Disiplinè Minè a.

### **2. Lanse Manje oswa Lòt Objè**

Yon bagay ki sanble ak prank ki te diskite nan nimewo en (1) ki anwo a, enfraksyon sa a klasifye kòm Tip I/Minè paske nòmal elèv yo pa genyen entansyon pi blese oswa andomaje pwopriyete pèsònèl lè yo lanse manje oswa lòt objè. Men tou, lè yo lanse nenpòt objè se yon konpòtman ki ase danje pa nati li menm pou jistifye yon repons pèsònèl chak fwa sa fèt. Apa de manje, lanse nenpòt objè se egzanp konpòtman ki kapab pini selon seksyon sa a: lanèj, glas, spitballs, elastik, zouti, wòch, boutèy, bwat, pwodwi kosmetik, kreyon, estilo oswa liv. Asireman, genyen anpil ka kote lè yo lanse yon objè, yo t ap trete sa kòm enfraksyon disiplinè Tip II oswa Tip III. Pa egzanp, si yon elèv te oblige lanse yon

koute oswa yon eksplozif, sa t ap yon enfrakson Tip III. Menm jan an, si yon elèv te lanse yon objè avèk entansyon pou lakoz gwo domaj pou yon lòt moun oswa nan objektif pou konvenk oswa pou fòse yon lòt moun, sa t ap yon enfrakson Tip III.

### 3. **Pètibe Klas la, ki genyen ladan men Pa Limite ak Aparèy Elektwonik yo**

Genyen tip konpòtman ki pètibe saldeklas la. Egzanp konpòtman sa yo se: fè gwo bwi, refize chita sou yon chèz oswa nan yon biwo, pa rive pote kreyon, liv, papye ak lòt materyèl etid ki esansyèl pou saldeklas la oswa pouse, deplase oswa frape mèb yo. *Sa pral genyen ladan itilize aparèy san fil, tankou kamera, telefòn selilè, aparèy pou anrejistrem an dijital.* Lè konpòtman sa yo pètibe pwoesisis edikatif la nan yon saldeklas oswa nan yon sal etid, responsab lekòl yo ta dwe reponn nan fason ki preskri nan Kòd Kondwit Elèv la.

### 4. **Itilizasyon Telefòn Selilè oswa Aparèy Mobil nan Lekòl la oswa pandan I ap Asiste nenpòt Fonksyon ki Esponnsorize pa Lekòl la Sou Pwopriyete Lekòl la oswa Andeyò Pwopriyete Lekòl la**

Elèv yo pa dwe itilize yon aparèy mobil oswa yon telefòn selilè, tankou Esmatfòn oswa Tablèt pandan lè lekòl la pou objektif ki objektif akademik. Si yo jwenn elèv yo k ap itilize aparèy sa yo, administratè a ka konfiske epi retounen aparèy la nan fen jounen an epi avèti ke enfrakson sa yo, lè yo repete pral fè yo konfiske aparèy la pandan yon mwa.

### 5. **Kite yon Saldeklas San Pèmisyon**

Genyen anpil pwoblèm ki ka rive lè elèv yo andeyò zòn ki otorize yo pandan jou lekòl la. Egzanp yo genyen ladan: risk pou domaj, delenkans jivenil ak ogmantasyon opòtinite pou destriksyon pwopriyete lekòl la ak pwopriyete pèsònèl.

Pou redwi chans ensidan sa yo, Kòd Kondwi Elèv la trete antre nan zòn ki pa otorize yo ak kite lekòl la kòm enfrakson disiplinè Tip I/Minè. Kòm repons ak enfrakson disiplinè sa yo, manm pèsònèl la ta dwe patikilyèman sansib ak koz dezi elèv yo pou kite saldeklas la oswa batiman an. Konsa, si elèv yo ap eseye echape anba twooup akademik oswa ap eseye kite batiman an pou patisipe nan kèk konpòtman ki pa apwopriye, manm pèsònèl la ta dwe analize enfrakson sa yo avèk swen selon kategori pou detèmine antesedan sou-djasan an.

### 6. **Refize idantifye Tèt Li Pou Manm Pèsònèl Lekòl la**

Pou mentni kontwòl ak kondwit nan yon batiman, yo dwe otorize responsab yo

pou jwenn idantifikasyon elèv yo. Konsa, elèv yo genyen yon obligasyon pou idantifye tèt yo kòrèkteman pou fè sa pa yon manm pèsonèl lekòl la. Manm pèsonèl lekòl la pa ta dwe abize de seksyon sa a pou arbitrèman mande elèv yo pou idantifye tèt yo. Se sèlman lè manm pèsonèl la genyen yon rezon ki valid pou konnen idantifikasyon elèv la ke li ta dwe mande yon idantifikasyon.

**7. Etenn Limyè Koulwa yo, Limyè Saldeklas oswa Limyè Kaj Eskalye a**

Objektif règ sa a, asireman, se pou prevni domaj pou elèv ak manm pèsonèl ki kapab fè yo etenn limyè ki nan batiman lekòl la yon fason ki pa otorize. Asireman, si elèv yo etenn limyè yo selon enstriksyon ki valid de yon manm pèsonèl nan objektif pou montre yon fim oswa pou fè yon eksperyans syantifik, kidonk aksyon sa a p ap genyen pinisyon selon règleman sa a.

**8. Move Itilizasyon Antre ak Sòti Lekòl la**

Tout pòt yo dwe vewouye apati deyò epi se sèlman pòt ki dezinye yo ki pral itilize pou antre ak soti nan batiman lekòl la. Tout vizitè ki vle antre nan batiman lekòl la dwe antre atravè pòt ki dezinye a (yo). Yo pral konsidere yon enfraksyon disiplinè pou elèv ki louvri nenpòt pòt ki dezinye nan lekòl la apati anndan pou vizite oswa elèv ki pa otorize. Anplis, yo pral konsidere yon enfraksyon disiplinè pou elèv ki antre oswa ki kite batiman lekòl la atravè nenpòt pòt ki diferan de antre ofisyèl ki dezinye nan lekòl la. Elèv k ap vini anreta nan lekòl la dwe antre atravè pòt ki dezinye a. Elèv ki genyen otorizasyon pou kite batiman lekòl la anvan ranvwa a dwe siyen epi sòti atravè pòt ki dezinye a.

**9. Antre oswa Rete nan yon Saldeklas, nan Batiman yon Lekòl, oswa nan Lakou a San yon Objektif ki Otorize**

Manm pèsonèl la ta dwe aktif nan anpeche elèv yo antre nan zòn ki pa otorize nan batiman an ak nan lakou yo. Si yo jwenn elèv yo nan yon zòn ki pa otorize, yo ta dwe mande yo pou kite zòn sa a. Si yo refize respekte yon demann ki valid epi ki rezonab pou kite zòn ki pa otorize a, konsa yo kapab pran mezi disiplinè selon seksyon sa a ki t ap apwopriye.

**10. Bloke oswa Koupe Sikilasyon nan Koulwa yo**

Elèv yo t ap vyole seksyon sa a si yo bloke oswa yon lòt fason yo koupe sikilasyon lòt elèv oswa manm pèsonèl nan koulwa yo. Asireman, genyen yon sèten konpòtman nan koulwa yo kote, byenke yo ka di yo lejèman koupe bon jan sikilasyon a, yo pa pètibe aktivite lekòl la yon fason ki enpòtan pou jistifye pinisyon selon

Kòd Kondwit Elèv la; sepandan, nenpòt lè elèv yo materyèlman entèfere oswa pètibe sikilasyon moun nan koulwa yo anvan lekòl la, ant kou yo oswa aprè lekòl la nan yon fason ki genyen yon enpak sou pwosesis edikatif lekòl la, kidonk li t ap yon vyolasyon seksyon sa a, menm jan ak si yon elèv te entèfere avèk sikilasyon moun nan koulwa a nan yon fason ke lòt elèv yo te vin anreta pou pwochen kou a. Egzanp konpòtman nan kategori sa a t ap: pouse, bite, jete fatra oswa patisipe nan sit-downs ki pètibatè, nan walkout oswa boycotts.

### **11. Afiche Afeksyon ki Pa Apwopriye**

Elèv yo genyen responsabilite pou mennen tèt yo nan yon fason ki responsab, epi ki mati nan lekòl la ak sou kanpis la. Selon seksyon sa a, tout afichaj afeksyon ki pa apwopriye ki entèfere ak pwomosyon yon klima edikatif, ki san entèferans ak enteripsyon, pral abòde nan yon avètisman pou elèv yo ak yon avi pou paran/gadyen legal la. Avètisman bay elèv la kapab vèbal, men avi bay paran an/gadyen legal la dwe fèt alekri.

### **12. Vyolasyon Politik sou Inifòm**

Elèv ki nan klas PK-12 yo genyen obligasyon pou swiv "Politik sou Inifòm ki Obligatwa nan Lekòl la." Abiman elèv yo dwe reglemante epi yo ankouraje elèv yo pou abiye avèk rad ki apwopriye nan sitiayson lekòl la. Restriksyon sou libète ekspresyon kapab aplike nenpòt lè mòd abiman an pa sekirize, li pètiban oswa li kontré ak lwa a. Anplis, kote pratik relijye oswa kwayans oswa bezwen nan sante elèv la antre an konfli ak sa ki anwo a, lekòl la pral bay aranjman ki rezonab sou demann ekri bay administratè a.

**TIP I/MINÈ**  
**Konsekans ak Entèvansyon**

Manyèl Elèv la dekri yon seri sinksyon ki dwe enpoze pou paske elèv la te komèt enfrakson Tip I/Minè a. Yo pa ka ensiste twòp sou lefètke sinksyon ki nan seksyon sa a, tankou retire elèv la nan klas la ak sispanson, ki mande sèten garanti pwosedi, kapab pa enpoze sof si garanti pwosedi sa yo te founi bay elèv la. Sèl eksepsyon se nan sitiyasyon dijans ki diskite pita nan Kòd Kondwit la.

Tanpri sonje ke konsekans ki asosye avèk ***ansèyman ak konsèy ki siyifikatif*** (fidbak korektif ak re-ansèyman) ofri elèv yo yon opòtinite pou aprann de erè yo epi kontribye nan kominote lekòl la.

Epitou li enpòtan pou soulinye penalite ki dekri nan seksyon sa a pa kapab depase pa yon administratè nan ka yon enfrakson Tip I/Minè. Sepandan, li ta dwe sèten ke administratè a toujou genyen diskresyon konsiderab pou rezoud enfrakson Tip I/Minè a. Yo ta dwe konsidere disiplin pwogresif pou asire ke penalite a koresponn ak vyolasyon kòd la. Administratè a kapab enpoze youn oswa plizyè penalite ki mansyone anba a:

- **Konferans Elèv-pwofesè**

Sa se yon opòtinite pou pwofesè a ranfòse konpòtman ki apwopriye nan saldeklas la epi diskite sou mezi swivi si konpòtman an kontinye.

- **Yo Kapab Retire Elèv la nan Kou a si Enfrakson an Te Fèt Pandan Kou a**

Yo diskite sou dispozisyon pou retire elèv la nan kou a ak plis detay nan seksyon Garanti Pwosediral la ki nan Kòd Kondwit Elèv la; sepandan, plizyè limit ki enpoze pa lwa eta a pral abòde isit la. Premyèman, lwa a prevwa pou yo retire elèv nan kou a sèlman lè yo "lakoz yon gwo pètibasyon yon fason volontè nan pwosesis edikatif la nan saldeklas la." Konsa, manm pèsonèl la ta dwe konnen ke se yon repons ki apwopriye ak yon enfrakson Tip I/Minè sèlman lè elèv la te lakoz yon gwo pètibasyon nan saldeklas la. Pa egzanp, li difisil pou imajine kijan kondwit enpridan sou pwopriyete lekòl la ka yon jistifikasiyon pou retire elèv la nan kou a; sepandan, lanse manje oswa lòt objè oswa etenn limyè saldeklas la kapab konsidere kòm enfrakson kote li t ap apwopriye pou retire elèv la. Dezyèmman, li enpòtan pou konnen ki lwa eta ki limite kantite tan pou retire elèv la nan kou a "tout oswa yon pati nan yon sèl kou..." Sepandan, *lwa eta a prevwa ke lè yo retire elèv la nan kou a pandan plis pase 90 minit, sa konsidere*

*kòm yon sispansyon epi dwe dokimante nan PowerSchool.*

- **Administratè a Kapab Avèti Elèv yo epi Voye yon Avi bay Paran yo**  
Yon enfrakson Tip I/Minè t ap mennen yon avètisman pou elèv la ak yon avi bay paran an/gadyen legal la. Avètisman yo bay elèv yo kapab vèbal, men avi yo voye bay paran yo ta dwe fèt alekri. Administratè a ta dwe fè yon dosye sou enfrakson disiplinè a epi ta dwe konsève avi yo te voye bay paran yo a.
- **Administratè a Kapab Prive Elèv yo de Privilèj Lekòl yo pandan yon Peryòd ki pa Depase Twa Jou Lekòl**  
Sa se yon repons fakiltatif pou yon enfrakson Tip I/Minè ki pral enpoze nan diskresyon administratè a. Pou objektif seksyon sa a, privilèj lekòl la pral defini kòm aspè nan lavi lekòl la ki pa enplike transpò otobis, repa nan kafeterya oswa kou yo swiv pou kredi akademik. Egzanp privilèj sa yo se t ap: aktivite paraskolè, atletis entèskolè oswa entra-miral, dans lekòl ak fim rekreyatif. Anvan yo enpoze penalite sa a, yo dwe bay elèv la opòtinite pou korije konpòtman li a atravè continuum entèvansyon PBIS yo. Si konpòtman an kontinye, yo dwe enfòme elèv yo konsènan rezon pou mezi administratif la epi yo dwe bay yo yon opòtinite pou eksplike sitiyasyon an. Administratè/manm pèsonèl la pa ka retounen pran okenn rekonesans, ki tanjib oswa lòt rekonpans elèv la te deja genyen yo.
- **Administratè a Kapab Rekòmande Elèv yo pou Counseling** Administratè yo ta dwe aktivman chèche pèmisyon paran ak pèmisyon elèv la pou refere elèv la pou counseling. Byenke yon administratè pa ta dwe jwenn yon pèmisyon konsa pandan l ap menase pou enpoze penalite ki plis sevè, yon elèv ak paran ta dwe reponn yon fason ki favorab ak opsyon pou patisipasyon nan counseling nan olyede li pèdi privilèj lekòl la.
- **Administratè a Kapab Voye Elèv yo nan Retni-** Retni se yon entèvansyon ki itilize nan lekòl yo kote yo egzije elèv yo pou pase plis tan nan lekòl la. Yon retni jeneralman fèt pandan yon peryòd aprè fen jou lekòl la oswa anvan lekòl la kòmanse. Sepandan, lòt moman kapab itilize you tankou anvan jou lekòl la, wiken (moun jeneralman konnen kòm lekòl Samdi oswa retni Samdi), aktivite espesyal ak poz nan jou lekòl la, tankou dejne oswa lakay la.
- Pou itilizasyon telefòn selilè ak aparèy mobil, Administratè a ka konfiske epi

retounen aparèy la nan fen jounen an epi avèti ke plizyè enfraksyon pral fè yo konfiske aparèt la pandan yon peryòd yon mwa.

- Lekòl endividyeòl yo kapab itilize lòt konsekans selon pwosesis mizannèv PBIS yo a.

## TIP II ENFRAKSYON DISIPLINÈ MAJÈ

Tip II/Enfrakson disiplinè majè konsidere kòm gwo enfrakson, enfrakson ki grav, enfrakson malveyan pase enfrakson Tip I/Minè. Tip konpòtman sa yo mennen plis entèvansyon entansif. Yo prezante yon deskripsyon ki plis konplè nan chak enfrakson disiplinè Tip II anba a:

### **1. Trichri ak Plajya**

Nenpòt lòt fòm trichri oswa plajya pa akseptab. Fo prezantasyon pa elèv yo konsènan devwa lakay, devwa nan klas, tès, rapò oswa lòt travay, tankou si se te antyèman pwòp travay yo, ta dwe konsidere kòm fòm trichri ak/oswa plajya. Konsekans lè yon elèv triche se pral konsekans akademik nan nati li sof si ensidans repete pandan mezi disiplinè.

### **2. Goumen**

Genyen goumen lè de oswa plis elèv aktivman angaje nan frape, choute, pouse, trebiche, oswa yon lòt fason lè elèv yo eseye frape youn lòt. Menm si yon elèv kapab "kòmanse goumen an," youn oswa plis elèv kapab koupab si yo ofri plis pase rezistans pasif kont moun ki te kòmanse a epi eseye nwi moun ki te kòmanse a yon fason agresif. Elèv ki atake pa yon lòt elèv ka evite vyole seksyon sa a pandan l ap retire tèt li oswa pandan l ap ofri ase rezistans pou evite ki domaje tèt li.

### **3. Entansyonèlman Defye yon Demann Valid pou yon Manm Pèsonèl Lekòl la**

Enfrakson sa souvan rele "ensibòdinasyon." Pou objektif Kòd Kondwit Elèv la, li defini kòm yon defi volontè oswa plizyè refi pou respekte demann ki rezonab de administratè lekòl la, pwofesè oswa lòt manm pèsonèl. Egzanp demann rezonab sa yo se: pou dispèse, pou idantifye tèt li, pou chita, pou rete trankil oswa pou ale nan zòn oswa sal ki atribye yo pou objektif disiplinè oswa pou objektif edikatif. Okenn elèv p ap koupab de enfrakson sa a paske li refize yon demann de yon responsab lekòl la ki konekte avèk responsablite ofisyèl manm pèsonèl la. Sepandan, nenpòt lè elèv yo refize respekte yon demann ki rezonab epi ki valid ofisyèlman kòm manm pèsonèl la, elèv yo pral koupab de vyolasyon seksyon sa a.

### **4. Entansyonèlman Menase yon lòt Moun avèk Domaj Fizik oswa Domaj Materyèl**

Elèv yo koupab de yon vyolasyon nan seksyon sa a nenpòt lè yo itilize yon menas pou entansyonèlman mete oswa eseye mete yon lòt moun nan laperèz pou domaj fizik oswa domaj materyèl.

**5. Fòse lòt Moun pou Angaje nan Kondwit kote Yo Genyen yon Dwa Legal pou Refize Patisipe**

Elèv ki vyole seksyon sa a lè yo oblige oswa lè yo ensite lòt moun angaje nan kondwit kote li genyen dwa legal pou refize epi lè yo oblige oswa ensite moun sa yo pou pa angaje nan kondwit kote yo genyen yon dwa legal pou angaje. Konsa, seksyon sa a pa sèlman entèdi elèv yo fòse yon lòt elèv pou patisipe nan yon aktivite, men tou pou entèdi elèv yo bloke oswa fòse yon lòt elèv renonse ak yon aktivite ki otreman legal. Yon egzant de premye a kapab yon elèv ki fòse yon lòt elèv pou bay repons nan yon egzamen. Yon egzant de dènye a kapab yon elèv ki fòse yon lòt elèv pou pa patisipe nan yon aktivite an patikilye pou premye elèv la kapab genyen plis chans pou fè yon ekip oswa otreman pou reyisi.

**6. Dirije yon Langaj Pwofàn oswa yon Langaj Irespekye vè Manm Pèsonèl Lekòl la oswa Lòt Elèv**

Byenke Kòd Kondwit Elèv la bay repons ki apwopriye pou konpòtman elèv ki pètibe, Bridgeport Public Schools kwè ke li esansyèl pou yo pa otorize elèv yo pou ensilte ak degrade manm pèsonèl yo epi kidonk entèdi langaj pwofàn ak langaj abizif ki dirije vè manm pèsonèl la.

**7. Pètibe Pwosesis Edikatif la nan yon Zòn ki Diferan de yon Saldeklas** Elèv ki vyole seksyon sa a lè yo entèdi pwosesis edikatif la nan yon zòn ki diferan de yon saldeklas, pa egzant: adopte yon konpòtman ki pètibe nan yon koulwa ki pètibe atmosfè aprantisaj la nan plizyè saldeklas.

Lòt zòn yo t ap oditoryòm yon lekòl kote plizyè klas kapab rasanble pou yon pwogram edikatif oswa nan bibliyotèk yon lekòl kote anpil elèv kapab ap li oswa ap etidye. Lefètke vyolasyon seksyon an pètibe aprantisaj plis elèv pase sa ki afekte pa pètibasyon yon saldeklas, penalite ki posib yo plis sevè.

**8. Kondwit Asèlman, Ekri oswa Vèbal, Ki Dirije vè yon Moun Akoz Sèks li, Tas li, Gwoup Etnik li oswa Preferans Seksyèl li**

Elèv ki vyole seksyon sa a kote konpòtman an kreye entimidasyon, konpòtman ostil, imilyan oswa ofansif. Si asèlman an genyen ladan menas vyolans, li t ap flagran epi te agrave epi mezi disiplinè yo t ap bezwen reflete gravite a; sa enkli tou asèlman ak itilizasyon yon aparèy elektwonik.

**9. Vole, Andomaje oswa Degrade Pwopriyete Lekòl la oswa Pwopriyete Lòt Moun**

Elèv ki vyole seksyon sa a nenpòt lè yo andomaje, degrade, oswa pran posesyon de pwopriyete lekòl la oswa pwopriyete lòt moun, san pèmisyon pwopriyetè a oswa moun ki genyen chaj legal pwopriyete sa a. Epitou seksyon sa a entèdi pou pran pwopriyete lekòl la oswa pwopriyete lòt moun atravè detounman oswa sou fo pretèks.

#### **10. Vandalis:**

##### **a. Pa Minè yo**

Paran/gadyen legal minè a/timoun ki pa emansipe, ki pral volontèman koupe, defigire oswa yon lòt fason andomaje nan nenpòt fason, tout byen reyèl oswa pèsonèl ki pou distri lekòl la, pral responsab pou domaj sa yo jiska montan maksimòm ki otorize pa lwa eta a. Responsabilite ki prevwa pa Lwa Jeneral Connecticut la 52-572 pa retire sou minè a responsabilite pèsonèl pou domaj sa a oswa domaj oswa retire sou paran an/gadyen legal yo domaj ki fèt pa minè a epi ki ajoute sou lòt responsabilite ki egziste nan lwa a. Paran/gadyen legal timoun minè yo pral responsab tou pou tout byen ki pou sistèm lekòl la ke yo te prete minè a epi minè a pa retounen I sou demann distri lekòl la. Epitou minè a kapab fè sijè mezi disiplinè.

##### **b. Pa Elèv Adilt yo**

Elèv ki adilt yo pral pèsonèlman responsab pou tout domaj ki fèt nan nenpòt byen, reyèl oswa pèsonèl, ki pou distri lekòl la. Elèv la kapab fè sijè mezi disiplinè.

#### **11. Vyolasyon Règleman Evakyasyon Dijans yo**

Elèv ki vyole seksyon sa a nenpòt lè yo vyole règleman evakyasyon dijans yo pandan y ap pale, pouse, bouskile, trebiche, pandan y ap bloke pòt oswa wout koridò yo, ki komèt zak ki bloke evakyasyon ak sikilasyon travay libreman oswa ki kreye yon vag panik pandan I ap prevni lòt yo konsènan dife, atak ayeryen oswa lòt egzèsis dijans. Pwosedi evakyasyon ki satisfezan yo esansyèl pou sekirite tout elèv ki nan lekòl la.

#### **12. Kondwit Enpridan sou Pwopriyete Lekòl la, nan Espas Pakin oswa nan**

##### **Zòn ki Dirèkteman Adjasan ak Lekòl la**

Se pa sèlman yon vyolasyon Kòd Kondwit la men se yon vyolasyon lwa eta a pou kondwi yon veyikil nan yon fason ki enpridan sou nenpòt wout, twotwa, espas pakin oswa sou pwopriyete lekòl la. Egzanp kondwit ki enpridan konsa se t ap: kondwi avèk gran vitès, fè kous oswa pa rive obsève pasaj pyeton yo.

**13. Lè yo Jwenn yo avèk Nenpòt Tip paraphernalia ki Nòmalman Asosye avèk Itilizasyon Dwòg, e.g. Papye Woule ki genyen Tabak, Bang, Klip, Pip ak Egiy**  
Lè yo jwenn paraphernalia sa a nan men yon elèv, li pral soumèt bay lapolis pou analiz. Si nenpòt nan analiz sa yo montre itilizasyon oswa posesyon dwòg, yo pral akize elèv yo yon enfraksyon disciplinè Tip III.

#### **14. Kite Batiman Lekòl la oswa Espas Lekòl la san Pèmisyon**

Seksyon sa a genyen menm enkyetid ak Tip I/Minè a, #5- Kite yon Saldeklas san Pèmisyon. Lè y ap kite batiman lekòl la oswa espas lekòl la san pèmisyon, elèv yo mete tèt yo an danje, epi ogmante opòtinite pou destriksyon pwopriyete lekòl la ak pwopriyete pèsònèl.

#### **15. Angaje nan Konpòtman Seksyèl ki pa Apwopriye**

Elèv yo genyen responsabilite pou mennen tèt yo nan yon fason ki responsab, epi ki mati nan lekòl la ak sou kanpis la. Selon seksyon sa a, konpòtman seksyèl ki pa apwopriye pral defini kòm kondwit ki genyen objektif oswa efè pou genyen yon enpak negatif sou klima edikatif la.

#### **16. Fimen oswa Vapote nan Espas Lekòl la/Otobis Lekòl la**

Lwa eta a entèdi pou fimen oswa pou pote sigarèt, siga, pip oswa atik ki similè nan nenpòt zòn lekòl la ki genyen ladan lakou lekòl la. Manyèl Elèv la ranfòse lwa eta a ki entèdi elèv yo fimen nan nenpòt fason nan lekòl la oswa nan lakou lekòl la. Lwa eta a ak Kòd Kondwit Elèv la entèdi tou pou fimen pandan y ap vwayaje nan yon otobis lekòl la. Se politik Bridgeport Public Schools pou moun pa fimen, itilize oswa posede tabak nan nenpòt fòm, tout kote nan batiman lekòl yo, nan lakou lekòl la oswa nan aktivite lekòl la esponnsorize yo. Epitou vyolasyon pou enfraksyon Tip II/Majè a rive nenpòt lè elèv yo genyen alimèt, brikè oswa lòt atik ki ankouraje konbisyon ki pa genyen okenn itilize ki rezonab pou elèv la nan lekòl la.

Jan sa endike nan Manyèl la, tèm "posesyon" defini kòm lè yon moun kenbe, pote oswa konsève yon objè ki entèdi oswa sibstans oswa nan kò elèv la, nan rad li, nan chapo I, nan valiz li, nan bous li, nan sakamen, nenpòt pòtfèy, kazyè, biwo, chèz, otomobil, bisikilèt, motosiklèt, liv, tablèt, kreyon oswa plim oswa nenpòt fason li genyen, pote oswa konsève yon objè oswa yon sibstans ki entèdi.

**POU TIP II/MAJÈ**  
**Konsekans ak Entèvansyon**

Kòd Kondwit Elèv la dekri yon seri sinksyon ki dwe enpoze pou paske elèv la te komèt enfrakson Tip II/Majè a. Si yo pa ka ensiste ase sou lefètke penalite ki nan seksyon sa, tankou retire elèv la nan kou a ak sispanson, mande sèten garanti pwosediral, ki te deja dekri. Yo pa kapab enpoze penalite yo sof si yo te bay elèv la garanti pwosediral sa yo. Sèl eksepsyon se nan sitiyasyon dijans ki diskite pita nan Kòd Kondwit la.

Tanpri sonje ke konsekans ki asosye avèk ***ansèyman ak konsèy ki siyifikatif*** (fidbak korektif ak re-ansèyman) ofri elèv yo yon opòtinite pou aprann de erè yo epi kontribye nan kominote lekòl la.

Epitou li enpòtan pou soulinye penalite ki dekri nan seksyon sa a pa kapab depase pa yon administratè nan ka yon enfrakson Tip II/Majè. Sepandan, li ta dwe sèten ke administratè a toujou genyen diskresyon konsiderab pou fè fas ak enfrakson Tip II/Majè a. Administratè a kapab enpoze youn oswa plizyè penalite ki mansyone anba a:

- **Yo Kapab Retire Elèv la nan Kou a si Enfrakson an Te Fèt Pandan Kou a**  
Gade diskisyon ki anwo a konsènan penalite pou enfrakson Tip I/Minè ak seksyon nan Garanti Pwosediral la.
- **Administratè a Pral Mande yon Konferans avèk Elèv la ak Paran/Gadyen an**  
Selon Kòd Kondwit Elèv la, yon administratè pral genyen obligasyon pou mande yon konferans paran avèk elèv ki prezan an nenpòt lè elèv la komèt yon enfrakson Tip II/Majè. Konferans sa a pa bezwen presede oswa ranplase lòt penalite ki kapab enpoze pou enfrakson Tip II a. Objektif konferans sa a se pou dezamòse sitiyasyon an epi bay elèv la yon opòtinite pou eksplike sitiyasyon an apati lide li. Administratè a ta dwe fè sa ki rezonab pou pwograme konferans lan nan yon lè ak yon lye ki bon pou elèv la ak paran/gadyen legal la.
- **Elèv la pral Repare, Restore oswa Ranbouse pou Tout Pwopriyete ki Andomaje oswa ki Vole**  
Prensip jistics reparatris la enplike moun ki genyen yon enterè nan yon enfrakson espesifik pou kolektivman idantifye epi rezoud domaj ke li te sibi a ak

bezwen ak obligasyon tout moun ki enplike pou geri ak korije sitiyasyon an tout fason sa posib. Bridgeport Public Schools ankouraje administratè yo pou adopte epi reyalize filozofi jistis reparatris ak pratik jistis kòm zouti adisyonèl pou rezoud move kondwit elèv la.

**Nòt:** Elèv yo dwe aprann konsekans konpòtman yo. Yon bon mwayer pou ranfòse responsabilite sa a se mande pou elèv yo fè nenpòt bagay ki nesesè pou pèt ki te okazyone pa vòl oswa domaj yo a kapab osi minim posib. Pa egzanp, lè yo nan wout pou komèt yon enfrakson disiplinè Tip II/Majè, yon elèv andomaje oswa vole byen lekòl la oswa byen yon lòt moun, administratè a genyen obligasyon pou etabli pwosedi pou repare oswa retabli byen an oswa remèt byen an. Zafè si elèv la ta dwe retabli oswa remèt byen ki vole oswa ki andomaje, sa se yon dosye ki pral oblige jere ant elèv la ak administratè a. Epitou elèv la ak administratè a ta dwe etabli yon kalandriye pou fè reparasyon oswa restitisyon an.

**Ale nan Anèks B a pou jwenn plis klarifikasyon konsènan objektif Jistis Reparatri la.**

- **Administratè a kapab atribye sispanson nan lekòl la**  
Administratè a pral detèmine dire tan yo dwe bay la.
- **Administratè a Kapab Prive Elèv la de Privilèj Lekòl la Ki Pa Depase Senk Jou Lekòl**  
Alòske yon enfrakson Tip I/Minè kapab jistifye yon privasyon privilèj ki dire twa jou, yon enfrakson Tip II/Majè te ka jistifye yon privasyon privilèj ki dire senk jou. Anvan yo enpoze penalite sa a, yo ta dwe enfòme elèv yo konsènan rezon pou mezi a epi yo dwe bay yo yon opòtinite pou eksplike sitiyasyon an.
- **Administratè a Kapab Mande Elèv la Pou Pran Retni**  
Yo kapab enpoze retni nan diskresyon administratè a avèk kondisyon ke yo enfòme elèv yo de akizasyon yo epi yo bay elèv yo yon opòtinite pou eksplike sitiyasyon an. Si retni an genyen mwens chans pou genyen yon gwo enpak sou konpòtman elèv la oswa si li pa nan avantaj li pou lòt rezon, tankou depann de transpò lekòl la, kidonk administratè a kapab refize enpoze retni an. Sepandan, olye pou yo renonse ak retni an senpleman paske yon elèv jwe yon espò oswa li genyen yon travay aprè lekòl la, administratè a kapab konsidere pou mande elèv la pou ale lekòl la anvan kòmansman jounen lekòl la.
- **Administratè a Kapab Rekòmande Elèv yo pou Counseling Kominotè Andeyò Lekòl la**  
Administratè yo ta dwe aktivman ankouraje paran yo pou chèche counseling pou

timoun yo a nan kominate a paske yon timoun kapab reponn yon fason favorab ak counseling.

- **Administratè a Kapab Ranvwaye Elèv la bay Manm Pèsonèl Sekirite Lekòl la, ak/oswa Fòsdelòd yo**

Lòske, selon administratè a elèv la te angaje nan yon zak kriminèl, administratè a kapab konsidere pou ranvwaye elèv la bay fòsdelòd yo oswa manm pèsonèl sekirite lekòl la, pandan y ap chèche premyèman pou oryante elèv yo nan sèvis ak sipò ki nesesè epi sèlman ranvwaye yo bay fòsdelòd yo nan pifò ka ki sevè yo.

- **Administratè a Kapab Sispansyon Elèv la Andeyò Lekòl la, oswa si Enfraksyon an Rive Plizyè Fwa, li Agrave, Li Kapab Ranvwaye Elèv la pou Ekspilsyon**

Selon Manyèl Elèv la, sispansyon se yon penalite fakiltatif pou enfraksyon disiplinè Tip II epi yo kapab enpoze yo si administratè a detèmine ke konpòtman an te mete moun owa pwopriyete an danje oswa te yon gwo pètibasyon pou pwoesisis edikatif la epi si tout garanti pwosediral yo te obsève, selon Lwa Jeneral Connecticut la 10- 233 (g):

Sispansyon selon seksyon sa a se pral sispansyon nan lekòl la, sof si pandan odyans ki te fèt selon sou-seksyon (a) nan seksyon sa a, (1) administrasyon an detèmine ke elèv yo mete nan sispansyon an poze yon danje pou lòt moun oswa pou pwopriyete oswa yon pètibasyon konsa nan pwoesisis edikatif la ke yo pral ekskli elèv la pandan peryòd sispansyon an, oswa (2) administrasyon an detèmine ke sispansyon andeyò lekòl la apwopriye pou elèv sa a selon prèv de (a) ansyen pwoblèm disiplinè ki te mennen nan sispansyon oswa ekspilsyon elèv sa a, epi (b) efò administrasyon an fè pou rezoud pwoblèm disiplinè yo atravè mwayen ki diferan de sispansyon andeyò lekòl la oswa ekspilsyon, ki genyen ladan estrateji pou sipò konpòtman.

Pou enfraksyon disiplinè Tip II ki rive plizyè fwa, ki repete, oswa ki flagran, administratè a genyen lòt opsyon anplis pou ranvwaye elèv la pou ekspilsyon. Ranvwa sa a dwe fèt nan sèlman diskresyon administratè a depi yo obsève tout garanti pwosediral yo. Garanti pwosediral pou yon ekspilsyon plis elabore pase garanti pwosediral pou sispansyon. Pa egzanp: elèv yo gendwa ak avi ekri konsènan akizasyon yo, yon odyans fòmèl devan Komisyon Edikasyon Bridgeport la oswa Responsab Odyans li yo, kote elèv yo genyen dwa pou kesyone temwen ki prezan yo epi resevwa yon

desizyon nan delè ki pa depase 10 jou aprè odyans lan. Yon ranvwa pou ekspilsyon pral fèt sèlman avèk akò Sipè-entandan an oswa reprezantan li a. Yo te deja diskite sou tout detay pwosedi sispansyon yo nan Kòd Kondwit Elèv sa a.

**Nòt:** Li p ap toujou fasil pou detèmine lè yon enfrakson vin grav oswa flagran. Yon fason jeneral, yon enfrakson Tip II vin grav oswa flagran si li fèt avèk yon mepri outrajan ak mepri flagran pou sekirite lòt yo.

## ENFRAKSYON DISIPLINÈ TIP III/DISTRI A

Enfraksyon disiplinè Tip III/Distri a se enfraksyon ki plis grav nan twa kategori enfraksyon ki dekri nan Manyèl Elèv la. Enfraksyon sa yo genyen yon nati malveyan oswa danjre epi ka tonbe anba mezi ki plis entansif. Elèv ki komèt yon enfraksyon Tip III kapab tonbe anvan Sispansyon dis (10) jou Andeyò Lekòl la. Tanpri ale nan seksyon ki Apwopriye ak Laj Devlopman (Anèks B) ak seksyon Jistis Reparatris la (Anèks C). Yo mansyone yon deskripsyon ki plis konplè nan chak enfraksyon disiplinè Tip III anba a:

### **1. Deklantche oswa Deklare yon Fo Alam Dijans**

Elèv ki vyole seksyon sa a nenpòt lè yo entansyonèlman deklantche yon fo alam oswa yon fo avètisman ensandi, fo avètisman eksplozyon, krim oswa lòt ijans ki ka mande pou fèmen oswa evakye lekòl la pandan nenpòt peryòd tan. Li pa nesesè pou fèmti oswa evakyasyon sa rive reyèlman.

### **2. Posesyon nenpòt Sibstans Kontwole San Entansyon pou Vann Li**

Tout posesyon ki pa otorize de yon sibstans kontwole, medikaman ilegal oswa alkòl kouvri selon enfraksyon sa a. Posesyon sèlman se yon enfraksyon Tip III epi kapab tonbe anba ekspilson. Epitou administratè yo kapab konsidere yon ranvwa bay Komisyon Egzaminasyon Minè a (JRB) antanke yon entèvansyon divèsyon.

### **3. Bitezaj**

Bitezaj defini kòm tout fòm oswa tip move tretman fizik, vèbal ak/oswa emosyonèl, abi, ak/oswa asèlman yon elèv an relasyon avèk patisipasyon yon elèv nan oswa patisipasyon yon elèv nan ekip espòtif entèskolè oswa yon nenpòt aktivite ki esponnsorize pa lekòl la ak/oswa fòse, mete presyon oswa entimidite nenpòt elèv pou li patisipe nan nenpòt aktivite ilegal oswa aktivite ki pa apwopriye avèk patisipasyon elèv yo oswa patisipasyon nan sa ki vini apresa a. Bitezaj entèdi keseswa li rive pandan, anvan oswa aprè sezón an oswa jou lekòl la.

### **Gade Politik sou Bitezaj**

**ENFRAKSYON DISIPLINÈ**  
**TIP III/ DISTRI A**  
**Konsekans ak Entèvansyon**

Nan tout enfraksyon Tip III, administratè a pral konvoke yon rankont avèk ekip SRBI pou evalye laj devlopmantal elèv la epi detèmine konsekans ki apwopriye yo. Si yo jije elèv la pa kapab konprann aksyon ak ramifikasyon yo, administrasyon an pral rekòmande yon konsekans ki apwopriye sou plan devlopman (tanpri ale nan seksyon ki apwopriye sou plan devlopman). Pou elèv k ap resevwa ansèyman espesyalize oswa yo soupsone ki genyen bezwen ansèman espesyalize, yon Odyans Detèminasyon PPT oswa Manifestasyon dwe fèt. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sijè sa a, ale sou: <http://www.sde.ct.gov/sde/lib/sde/pdf/publications/edguide/anoteonmanifestationdetermination.pdf>.

Konsekans sa yo sa konsekans Tip III:

- Elèv la kapab resevwa dis (10) jou sispanson andeyò lekòl la.
- Elèv la kapab genyen obligasyon pou reparé, restore,  
oswa bay restitusyon pou byen ki andomaje oswa ki vole.
- Yo pral ranvwaye elèv la bay ajans sèvis sosyal ki  
apwopriye a lè genyen dwòg ak/owa alkòl ki enplike.

## **ENFRAKSYON TIP IV/MAJÈ**

Enfraksyon disiplinè Tip IV/MAJÈ a se enfraksyon ki plis grav nan twa kategori enfraksyon ki dekri nan Manyèl Elèv la. Enfraksyon sa yo genyen yon nati malveyan oswa danje epi ka tonbe anba mezi ki plis entansif. Elèv ki komèt yon enfraksyon Tip III pral tonbe anvan Sispansyon dis (10) jou Andeyò Lekòl la epi kapab ranvwaye pou Ekspilisyen. Tanpri ale nan seksyon ki Apwopriye ak Laj Developman (Anèks B) ak seksyon Jistis Reparatris la (Anèks C). Yo mansyone yon deskripsiyon ki plis konplè nan chak enfraksyon disiplinè Tip IV anba a:

### **1. Asèlman Seksyèl sou yon Lòt Moun**

Asèlman seksyèl se yon agresyon ki genyen yon nati seksyèl sou yon lòt moun oswa nenpòt zak seksyèl ki fèt san konsantman. Ale nan Iwa eta Connecticut la seksyon 53a- 70, 53a-71, 52a-72a, ak 53a-73a.

**Gade Politik sou Asèlman Seksyèl sou Elèv ak Manm Pèsonèl.**

### **2. Itilizasyon Means oswa Fòs pou Fè Lòt Moun Renonse ak Lajan oswa**

#### **Pwopriyete Yo Genyen Dwa pou Posede**

Yo jeneralman rele sa yon ekstòsyon. Lwa eta a defini ekstòsyon kòm "jwenn pwopriyete pandan yon moun ap konvenk lòt moun nan oswa pandan l ap kreye laperèz ke si lòt moun nan pa bay pwopriyete a, moun nan pral lakoz domaj fizik, domaj nan pwopriyete a oswa domaj nan repitasyon." Lwa Jeneral Connecticut § 10-233d.

### **3. Vole Pwopriyete Lekòl la oswa Pwopriyete Lòt Moun pandan Y ap Itilize**

#### **Fòs Kont Yon Lòt Moun**

Elèv yo vyole lwa a nenpòt lè yo itilize fòs reyèl pou vole byen lekòl la oswa byen lòt moun. Kapab genyen kèk sitiyasyon, an patikilye nan lekòl elementè ak lekòl twazyèm sik yo, kote administratè yo, selon diskresyon yo, kapab deside ke enfraksyon an pa attenn nivo yon enfraksyon Tip III.

### **4. Deklantche yon Ensandi oswa Lakoz yon Eksplozyon avèk Entansyon pou Domaje Byen Lekòl la oswa Byen Pèsonèl**

Elèv yo vyole seksyon sa a lè yo komèt yon ensandi kriminèl. Entansyon an se yon eleman esansyèl pou pwouve enfraksyon sa a; sepandan, selon preponderans prèv, responsab lekòl yo konkli ke yon ensandi oswa yon eksplozyon te lakoz avèk entansyon pou detwi oswa andomaje batiman an, byen lekòl la oswa byen pèsonèl, elèv yo kapab resevwa penalite selon seksyon sa a.

### **5. Entansyonèlman Lakoz Gwo Domaj oswa Agresyon Fizik pou Yon Lòt Moun**

Gwo domaj defini yon domaj ki mande moun ki andomaje yo pou rate youn

oswa plis jou lekòl oswa lakoz yon andikap tanporè oswa pèmanan nan youn oswa plizyè nan fonksyon majè lavi yo. Agresyon fizik defini kòm lè yon moun ak entansyon genyen kontak fizik avèk yon lòt moun san konsantman moun nan epi lakoz domaj pèsonèl pa yon demonstrasyon fòs.

## **6. Menase oswa Agrese yon Manm Pèsonèl**

Elèv yo vyole seksyon sa a lè yo: menase pou mete oswa pou eseye mete yon manm pèsonèl nan laperèz pou domaj nan pwopriyete avèk tout entansyon yo, nan laperèz pou domaj fizik pa yon demonstrasyon oswa genyen kontak fizik avèk yon manm pèsonèl avèk entansyon pou lakoz domaj.

## **7. Angaje nan Kondwit ki Vyolan ki Lakoz Domaj Fizik oswa Domaj nan Materyèl Enpòtan avèk Tout Entansyon oswa San Pridans**

Kondwit ki vyolan yo t ap genyen ladan gwo manifestasyon oswa angaje nan goumen oswa lòt konpòtman ki kreye twoub oswa menas nan lekòl la. Konpòtman konsa t ap konsidere kòm enpridan si li genyen chans pou lakoz domaj fizik oswa gwo domaj nan materyèl menm si elèv la kapab pa espesifikman genyen entansyon pou lakoz domaj fizik oswa gwo domaj nan pwopriyete.

## **8. Posesyon nenpòt Sibstans Kontwole Avèk Entansyon pou Vann Li**

Tout posesyon ki pa otorize de yon sibstans kontwole, medikaman ilegal oswa alkòl kouvri selon enfraksyon sa a. Posesyon sèlman se yon enfraksyon Tip III epi kapab tonbe anba ekspilisyon. Epitou administratè yo kapab konsidere yon ranvwa bay Komisyon Egzaminasyon Minè a (JRB) antanke yon entèvansyon divèsyon.

## **9. Posesyon tout Zamafe, Kouto, Eksplozif oswa Lòt Objè Danje**

Tout zàm danje oswa enstriman danje yo jwenn nan men yon elèv oswa li pote sou lokal lekòl la, nan otobis lekòl la, nan nenpòt aktivite lekòl la esponnsorize, nan lokal lekòl la oswa andeyò lokal lekòl la, pral mennen nan yon sispansyon dis (10) jou ak ranvwa ki obligatwa pou ekspilisyon.

Nan tout enfraksyon Tip IV, administratè a pral konvoke yon rankont avèk ekip SRBI a pou evalye laj devlopmantal elèv la epi detèmine konsekans ki apwopriye yo. Si yo jije elèv la pa kapab konprann aksyon ak ramifikasyon yo, administrasyon an pral rekòmande yon konsekans ki apwopriye sou plan devlopman (tanpri ale nan seksyon ki apwopriye sou plan devlopman). Pou elèv k ap resevwa ansèyman espesyalize oswa yo soupsone ki genyen bezwen ansèyman espesyalize, yon Odyans Detèminasyon PPT oswa Manifestasyon dwe fèt. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sijè sa a, ale sou: <http://www.sde.ct.gov/sde/lib/sde/pdf/publications/edguide/anoteonmanifestationdetermination.pdf>.

#### Konsekans sa yo sa konsekans Tip IV:

- Elèv la kapab resevwa dis (10) jou sispansyon andeyò lekòl la.
- Elèv la kapab genyen obligasyon pou repare, restore, oswa bay restitusyon pou byen ki andomaje oswa ki vole.
- Administratè a pral ranvwaye lekòl la pou ekspilsyon.  
Yo kapab ranvwaye elèv la pou ekspilsyon epi yo kapab transfere l nan yon lòt lekòl la si elèv la menase/agrese yon manm pèsonèl.
- Yo pral ranvwaye elèv la bay ajans sèvis sosyal ki apwopriye a lè genyen dwòg ak/owa alkòl ki enplike.

## PWOSEDI POU EKSPILSYON

Yo kapab ekspilse yon elèv sèlman aprè yon odyans devan Komisyon Edikasyon an oswa Responsab Odyans li a. Sipè-entandan an oswa reprezantan li a dwe bay yon akò nan nenpòt ranvwa pou ekspilsyon. Yo kapab ekskli yon elèv de lekòl la pandan I ap tann odyans la avèk kondisyon ke yo te swiv yon pwosedi sispanson. Sepandan, selon Lwa Jeneral Connecticut la, yon sispanson konsa pa kapab dire plis pase dis (10) jou lekòl.

Kòd Kondwit Elèv la deklare ke Komisyon Edikasyon an oswa Responsab Odyans li a pral fè yon odyans pou ekspilsyon nan delè ki pa depase dis (10) jou aprè yo fin resevwa ranvwa pou ekspilsyon an. Si kalandriye a pèmèt sa, ta dwe raman genyen yon ka kote yon elèv ki te nan sispanson pandan yon odyans pou sispanson kapab retounen nan lekòl la anvan yo fè odyans pou sispanson an.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis ekspilsyon an, ale sou: [www.jud.state.ct.us/lawlib/law/school.htm](http://www.jud.state.ct.us/lawlib/law/school.htm). Ale nan Seksyon 10-233d

## ENFRAKSYON KI LYE AK DWÒG AK ZÀM


Selon Lwa Jeneral Connecticut la, yon elèv ki genyen nan men I yon zamafe nan lakou lekòl la oswa ki itilize yon zàm danje oswa yon zàm ki mòtèl pou komèt yon krim, oswa ofri pou vann oswa pou distribye, dwòg ki ilegal nan espas lekòl la oswa andeyò espas lekòl la, kapab tonbe anba yon ranvwa pou ekspilsyon. Komisyon Edikasyon an oswa Responsab Odyans lan kapab modifie dire ekspilsyon an sou yon baz ka pa ka.

Zamafe yo genyen ladan tout zàm ki kapab lanse yon pwojektil pa aksyon eksplozif ki genyen ladan zamafe, pistolè, zàm faksimile, zàm BB ak nenpòt aparèy destriktif ki genyen ladan aparèy eksplozif oswa aparèy ensandi, bonb, grenad, wòkèt oswa fedatifis. Zàm ki mòtèl epi ki danje genyen ladan tout aparèy ki ka lakoz lanmò oswa gwo domaj nan kò moun epi ki pa apwouve pou itilize nan lekòl la, ki genyen ladan kouto, pistolè paralizan, sizo pou koupe bwat ak zàm art masyal yo.

## KONSEVASYON DOSYE

Li enpòtan pou yo konsève dosye ki apwopriye yo nan PowerSchool ki konsène tout ranvwa nan biwo, ki genyen ladan avètisman.

Continuum Konpòtman oswa Soutyen Pedagojik epi Pozitif nan-Tout Lekòl la



## ANÈKS B - OBJEKTIF POU JISTIS REPARATRIS

**Pratik Reparatris:** Genyen metòd ak entèvansyon ki fonksyone pou prevni domaj ak konfli pandan y ap kreye yon sans apatenans, sekirite ak responsabilite sosyal nan kominate lekòl la selon yon filozofi lekòl ki fèt pou pase repons disiplinè ak anviwònman eskolè yo soti pinitif tive reparatris. Sa reyalize pandan y ap konstwi relasyon ki solid epi si genyen fot oswa konfli, pou pa konsantre sou règ ki vyole yo, men olyede sa sou domaj ki fèt yo. Objektif la se pou bay konsekans reparatris ki apwopriye ki nesesè pou repare domaj ki te lakoz epi prevni domaj alavni. Sa pral soutni relasyon ki solid nan pamit tout manm kominate lekòl la.

**informal****formal**

affective statements

affective questions

small impromptu conversation

circle

formal conference

## 11 Essential Elements

Element	Scope of Proficiency
1. Affective Statements	School-wide
2. Restorative Questions	School-wide
3. Small Impromptu Conference	School-wide
4. Proactive Circles	Broad-based
5. Responsive Circles	Broad-based
6. Restorative Conferences	Targeted
7. Fair Process	School-wide
8. Reintegrative Management of Shame	School-wide
9. Restorative Staff Community	School-wide
10. Restorative Approach with Families	Broad-based
11. Fundamental Hypothesis Understandings	School-wide

These are the essential elements necessary for successful whole-school implementation of restorative practices. Although all of the school's staff should be aware of them and understand what they are, proficiency in doing the elements will be defined as follows:

- » School-wide includes all staff who interact with children.
- » Broad-based includes administrators, teachers and other professional staff, such as counselors and social workers, but not non-instructional staff.
- » Targeted will be those who are selected to carry out a specific element — facilitating Restorative Conferences.

## ANÈKS B Kontini - Apwòch RULER A

**Apwòch RULER a:** se yon apwòch ki baze sou prèv pou entegre aprantisaj sosyal ak aprantisaj emosyonèl pandan y ap amelyore entelijans lakay elèv ak adilt yo. RULER a anseye senk konpetans entelijans emosyonèl sa yo:

Rekonèt emosyon nan oumenm ak nan lòt moun

UKKonprann koz ak konsekans emosyon yon

Ildantifye emosyon avèk yon vokabilè ki nyanse

Eksprime emosyon selon nòm kiltirèl ak kontèks sosyal yo

RKontwole emosyon avèk estrateji ki itil

Plizyè deseni rechèch montre ke konpetans sa yo esansyèl nan ansèyman ak aprantisaj ki efikas, nan bon jan priz desizyon, sante fizik ak sante mantal, ak reyisit nan lekòl ak pi lwen. Pou konstwi entelijans emosyonèl, Apwòch RULER a itilize yon pwogram mo santiman ak kat zouti ankraj sa yo:

### Tablo

Konstwi yon klima

### Kontwolè Imè



Ogmante konfyans konsyans sosyal

### Meta-Moman

Jere repons lè li deklantche

### Blueprint

Pespektif pran



**ANÈKS C - TABLO ENFRAKSYON DISIPLINÈ AK PENALITE**

<b>Konpòtman Tip I/Minè</b>	<b>Continuum Konsekans</b>	<b>Divès Entèvansyon Soutyen ki Posib ki Dwe Entegre</b>
<p>1. Angaje nan prank ki pa mete moun oswa pwopriyete an danje</p> <p>2. Lanse manje oswa objè</p> <p>3. Pètibe klas la, ki genyen ladan men pa limite ak aparèy elektwonik yo</p> <p>4. Itilize telefòn selilè oswa aparèy mobil pandan elèv la lekòl la oswa pandan l asiste nenpòt fonksyon ki esponnsorize pa lekòl la sou pwopriyete lekòl oswa andeyò pwopriyete lekòl la.</p> <p>5. Kite yon saldeklas san pèmisyon</p> <p>6. Refize idantifye tèt li pou manm pèsonèl lekòl la</p> <p>7. Etenn limyè koulwa yo, limyè saldeklas oswa limyè kaj eskalye a</p> <p>8. Move itilizasyon antre ak sòti lekòl la</p> <p>9. Antre oswa rete nan yon saldeklas, nan yon batiman lekòl oswa nan lakou yo san objektif ki otorize</p> <p>10. Bloke oswa koupe sikilasyon nan koulwa yo</p> <p>11. Afiche afeksyon ki pa apwopriye</p> <p>12. Vyolasyon politik sou inifòm</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Konferans elèv-pwofesè</li> <li>• Pwofesè a kapab retire elèv la nan saldeklas la (90 minit maksimòm)</li> <li>• Administratè a kapab avèti elèv la epi voye notifikasyon bay paran an.</li> <li>• Administratè a kapab prive elèv la de privilèj li pandan yon peryòd ki pa depase twa (3) jou lekòl</li> <li>• Administratè a kapab voye elèv la nan retni</li> <li>• Pou itilizasyon telefòn selilè ak aparèy mobil, Administratè a ka konfiske epi retounen aparèy la nan fen jounen an epi avèti ke enfraksyon sa yo, lè yo repete pral fè yo konfiske aparèy la pandan yon mwa</li> <li>• Lekòl endividiyèl yo kapab lòt konsekans selon pwoesis mizannèv PBIS yo a</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Anseye/aprann atant konpòtmantal yo</li> <li>• Ogmante pousantaj akize resepsyon yo</li> <li>• Sansiblizasyon Paran</li> <li>• Ranwa nan sèvis soutyen lekòl la (ki genyen ladan travayè sosyal, konseye, lòt)</li> <li>• Ranwa nan medyasyon ak kamarad</li> <li>• Ranwa nan Pwogram mentora</li> <li>• Ranwa nan rezolisyon konfli</li> <li>• Devlope kontra pou konpòtman endividiyèl</li> <li>• Rapò pwogram pou konpòtman koutèm</li> <li>• Ranwa nan sèvis kominotè (avèk konsantman paran an)</li> <li>• Ranwa nan yon Òganizasyon Kominotè (CBO)</li> <li>• Ranwa nan Nivo 2/Verifikasiyon pou Antre/Verifikasiyon pou Sòti (CICO), si konpòtman yo pèsiste.</li> </ul>

Konpòtman Tip II/Majè	Continuum Konsekans	Divès Entèvansyon Soutyen ki Posib ki Dwe Entegre
1. Trichri ak Plajya	• Elèv- pwofesè ak/oswa konferans administratè paran	• Anseye/aprann atant konpòtmantal yo
2. Goumen	• Yo kapab retire elèv la nan kou a si genyen enfraksyon ki te rive pandan moman kou a.	• Ogmante pousantaj akize resepsyon yo
3. Entansyonèlman defye yon demann valid pou de yon manm pèsonèl lekòl la	• Elèv la pral repare, restore oswa bay restitisyon pou tout pwopriyete ki andomaje oswa ki vole	• Sansiblizasyon Paran
4. Entansyonèlman menase yon lòt moun avèk domaj fizik oswa domaj materyèl	• Administratè a kapab bay sispansyon nan lekòl	• Ranvwa bay manm pèsonèl soutyen lekòl la
5. Fòse lòt moun pou angaje nan kondwit kote yo genyen yon dwa legal pou refize patisipe	• Administratè kapab prive elèv la de privilèj lekòl la ki pa depase senk (5) jou lekòl	• Ranvwa bay counseling an gwoup ak/oswa counseling endividylèl
6. Dirije yon langaj pwofàn oswa yon langaj irespekye vè manm pèsonèl lekòl la oswa lòt elèv	• Administratè a kapab mande elèv la pou rete nan retni.	• Ranvwa nan medyasyon ak kamarad
7. Pètibe pwosesis edikatif la nan yon zòn ki diferan de yon saldeklas	• Administratè a kapab ranvwaye I nan counseling kominotè	• Ranvwa nan pwogram mentora
8. Kondwit asèlman, kondwit ekri oswa vèbal, ki dirije vè yon moun akoz sèks li, ras li, gwoup etnik li oswa preferans seksyèl li	• Administratè a kapab ranvwaye elèv la bay sekirite lekòl la ak/oswa fòsdelòd yo	• Ranvwa nan rezolisyon konfli
9. Vole, andomaje oswa degrade pwopriyete lekòl la oswa pwopriyete lòt moun	• Administratè a kapab sispann elèv la andeyò lekòl la si vyolasyon an lakoz yon "Gwo pètibasyon edikatif" oswa si li ta repete,	• Devlope kontra pou konpòtman endividylèl
10. Vandalis a- pa minè		• Rapò pwogram pou konpòtman koutèm
11. vandalis b- pa elèv adilt		• Ranvwa bay CICO
12. Vyolasyon ijans		• Devlope Wout nan Konpòtman Fonksyonèl (FBP) ak/oswa Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl (FBA)
		• Ranvwa bay Ekip SRBI a

<p>evakyasyon pou minè</p> <p>13. Kondwit enpridan sou pwopriyete lekòl la, nan espas pakin oswa nan zòn ki dirèkteman adjasan ak lekòl la</p> <p>14. Lè yo jwenn elèv la avèk nenpòt tip paraphernalia ki nòmalman asosye avèk itilizasyon dwòg, egzanp, Papye tabak pou woule, bang, Klip, pip ak egiy</p> <p>15. Kite batiman lekòl la oswa lakou lekòl la san pèmisyon</p> <p>16. Angaje nan konpòtman seksyèl ki pa apwopriye</p> <p>17. Fimen nan lakou lekòl la/nan otobis lekòl la</p>	<p>enfraksyon ki agrave oswa ki flagran, kapab ranvwaye pou ekspilsyon.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Komisyon Egzaminasyon (JRB)</li> <li>• Ranwa nan sèvis ki apwopriye pou counseling sou konsomasyon sibstans</li> <li>• Ranwa bay Ekip Planifikasyon ak Plasman an (PPT) (si Nivo 1 ak Nivo 2 entèvansyon yo pa reyisi</li> </ul>
--	---	---

Konpòtman Tip III/Distri a	Continuum Konsekans	Divès Entèvansyon Soutyen ki Posib ki dwe entegre
<p>1. Itilizasyon means oswa fòs pou fè lòt moun renonse ak lajan oswa pwopriyete yo genyen dwa pou posede</p> <p>2. Vole pwopriyete lekòl la oswa pwopriyete lòt moun pandan y ap itilize fòs kont yon lòt moun</p> <p>3. Deklantche yon ensandi oswa lakoz yon eksplozyon avèk entansyon pou domaje byen lekòl la oswa byen pèsonèl</p> <p>4. Deklantche oswa deklare yon fo alam dijans</p> <p>5. Entansyonèlman lakoz gwo domaj oswa agresyon fizik pou yon lòt moun</p> <p>6. Menase oswa agrese yon manm pèsonèl</p> <p>7. Angaje nan kondwit ki vyolan ki lakoz domaj fizik oswa domaj nan materyèl enpòtan avèk tout entansyon oswa san pridans</p> <p>8. Asèlman seksyèl sou yon lòt moun</p> <p>9. Bitezaj</p> <p>10. Posesyon tout sibstans kontwole avèk oswa san</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Elèv la pral resevwa 10 jou sispanasyon andeyò lekòl la</li> <li>• Elèv la kapab genyen obligasyon pou repare, restore, oswa bay restitisyon pou byen ki andomaje oswa ki vole.</li> <li>• Administratè a kapab ranvwaye elèv la pou ekspilsyon.</li> <li>• Elèv ki fè menas/agresyon sou manm pèsonèl la kaoab ranvwaye pou ekspilsyon epi transfere nan yon lòt lekòl.</li> <li>• Yo pral ranvwaye elèv la bay sekirite lekòl la ak/oswa fòsdelòd yo selon pwotokòl MOA a.</li> <li>• Yo pral ranvwaye elèv la bay ajans sèvis sosyal ki apwopriye a lè genyen dwòg ak/owa alkòl ki enplike.</li> <li>• Elèv ki genyen yon zàm nan men yo ka tonbe an ranvwa ki obligatwa pou ekspilsyon.</li> <li>• Elèv ki genyen sibstans kontwole nan men yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Anseye/aprann atant konpòtman yo</li> <li>• Ogmante pouvantaj akize resepsyon yo</li> <li>• Sansibilizasyon Paran</li> <li>• Ranvwa bay manm pèsonèl soutyen lekòl la ak/oswa bay counseling lekòl la</li> <li>• Ranvwa bay medyasyon ak kamarad/rezolisyon konfli</li> <li>• Ranvwa nan pwogram mentora</li> <li>• Devlope plan soutyen konpòtman endividylèl</li> <li>• Rapò pwogram pou konpòtman koutèm</li> <li>• Ranvwa bay Ekip SRBI</li> <li>• Devlope/modifie Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl (FBA)</li> <li>• Devlope/modifie yon Plan Entèvansyon Konpòtman (BIP)</li> <li>• Ranvwa nan sèvis kominotè</li> <li>• Ranvwa nan yon Òganizasyon Kominotè (CBO)</li> <li>• Ranvwa nan sèvis konsomasyon sibstans ki apwopriye</li> </ul>

<p>entansyon pou vann          11. Posede nenpòt              zamafe, kouto,              eksplozif, oswa lòt              objè danjre</p>	<p>avèk entansyon pou vann              ka fè elèv la tonbe nan              ranvwa pou ekspilson.</p>	<p>counseling</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ranvwa nan sèvis            Akonpayman</li> <li>• Ranvwa nan PPT</li> </ul>
--	--	--

## ANÈKS D- GLOSÈ TÈM

Pou politik konpreyansyon ak mizannèv politik sou regleman administratif sou dwòg ak alkòl, tèm sa yo defini:

1. **Administratè oswa Rereprézantan:** yon aplwaye nan Komisyon Edikasyon an ki genyen ladan yon sètifica administratè entèmedyè. **Rereprézantan:** Tout aplwaye nan Komisyon Edikasyon an k ap aji nan plas administratè a
2. **Alkòl:** tout likid ki ka lakoz moun sou (epitou gade definisyon medikaman yo)
3. **BIP:** Yon Plan Entèvansyon Konpòtman wotman rekòmande pou yon elèv, pou facilite chanjman ki pozitif nan konpòtman
4. **CICO:** Check-In/Check-Out bay opòtinite pou komunikasyon chak jou ant yon elèv ak pwofesè yo epi ant lekòl la ak paran ki soutni elèv ki bezwen plis sipò avèk konpòtman li a. CICO bay ranfòsman ak atansyon pozitif de adilt yo.
5. **Konfidansyalite:** administratè lekòl yo, pwofesè ak manm pèsònèl sipò ki tandi komunikasyon konfidansyèl kapab divilge oswa kapab pa divilge yo selon Lwa Jeneral Connecticut la § 10-154a. Sepandan, si pandan komunikasyon konfidansyèl elèv yo, yo jwenn prèv fizik, prèv sa yo dwe retounen bay yon administratè lekòl la ki pral voye prèv yo bay lapolis nan delè ki pa depase twa (3) jou. Yo p ap divilge non elèv la k ap voye prèv sa yo selon Lwa Jeneral Connecticut la § 10- 154a (b), (c), san li amande a.
6. **Konfiskasyon:** lè genyen motif ki rezonab pou kwè ke yon elèv genyen dwòg, genyen yon obligasyon bò kote manm pèsònèl la pou fouye epi sezi dwòg sa yo. Fouy ak pèkizison sa a kapab genyen ladan kazyè, machin nan sou pwopriyete lekòl la, rad, valiz, valiz liv, liv ak lòt pwopriyete pèsònèl. Yo pral fè efò rezonab pou jwenn akò volontè elèv la nan fouy la epi fè elèv la preznan nan moman fouy la. Yo pral voye tout dwòg yo konfiske yo bay lapolis osito posib, asireman nan delè ki pa depase twa (3) jou selon Lwa Jeneral Connecticut yo § 10-154 (c).
7. **Konsekans:** rezulta mezi ki yo enpoze sou yon elèv lè li te pa swiv règ oswa pwosedi ki te etabli yo
8. **Enstriman Danje:** tout enstriman, atik oswa sibstans, kote

nan sikonstans yo, yo itilize oswa yo eseye itilize yo, kapab

Iakoz lanmò oswa gwo domaj fizik epi ki genyen ladan yon "mwayen"  
jan tèm sa a defini nan seksyon sa a

9. **Zàm Mòtèl:** tout zàm, keseswa li chaje oswa li pa chaje, kote zàm sa a kapab tire oswa yon kanif, kouto gravite, billy club, blackjack, matraj oswa leton knuckles
10. **Distribisyon:** pou bay yon lòt moun yon dwòg keseswa se pou reminerasyon oswa san reminerasyon
11. **Dwòg:** tout bwason ki genyen alkòl, sibstans kontwole, sibstans ilegal oswa medikaman ki preskri ke elèv la pa genyen pèmisyon de yon medsen oswa yon danstis ki otorize pou kapab posede bagay sa yo
12. **Paraphernalia Dwòg:** tout objè oswa aparèy ki itilize oswa fèt pou itilize nan enjesyon, inalasyon, enjeksyon oswa yon lòt fason entwodwi sibstans kontwole nan kò moun, (tankou razwa, bangs, pip, klips, papye ki genyen tabak pou woule) oswa tout lòt objè oswa vesò ki itilize, pou itilize oswa ki fèt pou itilize nan estokaj oswa distribisyon sibstans kontwole yo
13. **Sispansyon Dijans:** eksklizyon pou pa vini lekòl la ak privilèj pandan tout moman ijans lan toujou prez an, men pa plis pase twa (3) jou lekòl konsekitif. Yon ijans vle di yon sitiyasyon kote prezans kontinyèl elèv la nan lekòl la poze yon danje pou moun/pwopriyete oswa yon pètibasyon nan pwosesis edikatif sa a kote yon odyans pa ka fèt yon fason ki efikas anvan yo ekskli elèv la nan lekòl la.
14. **Ekspilsyon:** eksklizyon pou pa vini lekòl la ak eksklizyon de privilèj lekòl la pandan plis pase dis (10) jou konsekitif lekòl la. Ale nan Politik Bridgeport Public Schools la nan Nimewo 5131
15. **FBA:** Yon evalyasyon Konpòtmantal Fonksyonèl itilize pou rasanble enfòmasyon pou konprann fonksyon (objektif) konpòtman an pou ekri yon plan entèvansyon ki efikas
16. **Zamafe:** tout zàm ki pral, ki fèt pou, oswa ki kapab byen fasil konvèti tire pwojektil pa yon aksyon eksplozif, kad oswa reseptè nenpòt zàm, yon silansye oswa nenpòt aparèy destriktè, ki genyen ladan nenpòt eksplozif, pou ensandi, gaz toksik, ki genyen ladan bonb, yon grenad, yon wòkèt ki genyen chaj pwopilsif ki genyen plis pase kat ons, yon misil ki genyen yon chaj eksplozif oswa chak ensandi ki genyen plis pase yon ka

(1/4) ons, yon min oswa aparèy similè oswa tout zàm ki pral oswa ki kapab konvèti an plis pase yon demi pou (1/2") nan dyamèt

17. **Odyans (Administratif):** yon rankont avèk administratè kote akizasyon yo fèt epi yo bay yon opòtinite pou eksplikasyon
18. **Odyans devan Komisyon Edikasyon an:** menm jan ak yon odyans, se jeneralman yon rekòmandasyon pou ekspilse yon elèv (gade Lwa Jeneral Connecticut yo § 10-233d)
19. **Pwogram nan Lekòl la:** tout pwogram espesyal, jan yo kapab etabli pa lekòl la, pou bay counseling ak opòtinite pou jistis reparatè ki endike kòm yon vyolasyon politik sa a ak lòt politik lekòl la
20. **Sispansyon nan Lekòl la:** pwosedi kote yo atribye elèv la, li pase tout jounen an nan yon zòn ki entèdi de rès elèv yo. Pandan eksperyans sa a, yo pral byen siveye elèv yo epi bay yo devwa pou yo fè. Tanpri ale nan Lwa Piblik 10-111 ak Seksyon Lwa Jeneral la nan 1-233C.
21. **Entèvansyon:** etrateji yo bay elèv yo nen objektif pou pwodwi chanjman ki pozitif nan konpòtman
22. **Otorite Fòsdelòd yo:** tout ajans lokal, eta a, oswa ajans federal ki legalman konstitiye ki otorize pou aplike lalwa nan kominate a, gouvènman eta a oswa gouvènman federal la
23. **Odyans pou Detèminasyon Manifestasyon:** se yon odyans (rankont) pou detèmine mezi disiplinè ki apwopriye pou yon elèv ki genyen yon andikap. Li dwe fèt anvan yon ranvwa oswa nenpòt chanjman ki an plas pou yon elèv k ap resevwa ansèyman espesyalize.
24. **Zàm Art Masyal:** yon nunchaku, Kama, kasari-fundo, octagon sai, tonfa oswa zetwal Chinwa
25. **Sispansyon Andeyò Lekòl la:** eksklizyon pou pa vini lekòl la ak privilèj pou yon peryòd tan ki defini ki pa depase dis (10) jou lekòl konsekitif. Chak jou sispansyon pral konsidere kòm yon jou konplè pou absans ki genyen motivasyon. Pou jwenn Machaswiv pou Sispansyon nan Lekòl ak Sispansyon Andeyò Lekòl la, tanpri ale

sou:

[http://www.sde.ct.gov/sde/lib/sde/pdf/pressroom/In\\_School\\_Suspension\\_Guidance.pdf](http://www.sde.ct.gov/sde/lib/sde/pdf/pressroom/In_School_Suspension_Guidance.pdf)

26. **PBIS:** Entèvansyon ak Soutyen pou Konpòtman Pozitif se yon apwòch nan sistèm tout lekòl la ki mete aksan sou prevansyon, ansèyman sou konpetans sosyal yo, ak priz desizyon sou done yo pou redwi konpòtman pwoblematik epi amelyore pèfòmans akademik. PBIS genyen ladan Entèvansyon ki Baze sou Rechèch Syantifik. [www.pbis.org](http://www.pbis.org)
27. **Posesyon:** tout posesyon ki ilegal selon Lwa Eta Connecticut la, (e.g. kenbe oswa pran zafè lòt moun oswa tout dwòg oswa bwason alkòl, ki genyen ladan otomobil yon moun, kazyè, valiz, malèt transpò)
28. **PPT:** Ekip Planifikasyon ak Plasman an se ògàn k ap pran desizyon pou pèsònèl la nan lekòl la ki rankontre sou elèv ki genyen oswa yo sisèk ki genyen yon andikap epi ki kapab bezwen edikasyon espesyal oswa sèvis ki lye yo
29. **Direktè:** moun konnen tou sou non administratè ki responsab batiman an, manm pèsònèl, elèv, ak/oswa aktivite ki lye ak lekòl la.
30. **Aksyon Pinitif:** yon pinisyon pa otorite lekòl yo selon Lwa Jeneral Connecticut yo § 10-233 ak regleman lekòl la pibliye yo ki apwouve pa Komisyon Edikasyon an
31. **Jistis Reparatris:** se yon fwason pou reponn fas a yon konfli ak pwoblèm pou kreye yon rezolisyon ki lojik epi ki ekilibre ki koresponn ak regleman lwa a
32. **Ajans Sèvis Sosyal:** founisè/ajans lokal, ajans eta , oswa ajans prive ki bay counseling ak lòt sèvis soutyen pou moun
33. **SRBI:** Entèvansyon ki Baze sou Rechèch Syantifik se ansèyman wot kalite ak entèvansyon ki adapte ak bezwen elèv la epi ki itilize pou santaj aprantisaj avèk letan ak nivo pèfòmans pou pran desizyon edikatif konsènan plis entèvansyon. [www.sde.ct.gov/sde/SRBI](http://www.sde.ct.gov/sde/SRBI)
34. **Ekip SRBI a:** se yon ekip nan lekòl la ki fè rekòmandasyon sou elèv yo te ranvwaye bay ekip SRBI a selon done ki disponib pou detèmine ansèyman ak soutyen ki apwopriye epi kontwole pwogrè elèv yo. Nivo soutyen yo reyalize pou ede elèv yo atenn metriz nan nivo klas la. Ekip la kapab genyen manm pèsònèl sa yo: administratè, pwofesè, enfimyè, travayè sosyal, sikològ, konseye, ak manm Sant Sante Lekòl la.

35. **SY:** ane lekòls
36. **Nivo 1/Entèvansyon nivo inivèsèl:** apwòch ki genyen yon nati preventif yo mete an plas pou soutni konpòtman elèv yo epi anpeche yo ogmante. Entèvansyon sa yo disponib pou tout elèv epi nan tout anviwònman yo
37. **Nivo 2/Entèvansyon ki sible nan nivo gwoup la:** ki fèt pou soutni elèv ki arisk pou devlope plis pwoblèm konpòtman ki grav epi ki pa te reponn ak entèvansyon Nivo 1 an
38. **Nivo 3/Entèvansyon nivo entansif ki pèsonalize:** itilize avèk elèv ki pa reponn ak entèvansyon Nivo 1 ak Nivo 2 yo. Yo souvan genyen ladan yon Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl ak yon lòt Plan Entèvansyon Konpòtmantal
39. **UEA:** absans san motivasyon. Tanpri ale nan Politik sou Prezans lan.
40. **Utilizasyon:** pou enjere, enjekte oswa yon lòt fason lakoz yon medikaman atenn sikilasyon san oswa tib dijestif la

**ANÈKS E - AKIZE RESEPSYON KÒD KONDWIT  
ELÈV LA**

**Akò pou Elèv nan  
Bridgeport Public  
Schools**

Mwen menm, \_\_\_\_\_ (non elèv la an lèt detache) mwen te resevwa epi mwen te li Kòd Kondwit Elèv la (SCC) pou Bridgeport Public Schools. Mwen konnen dwa ak responsabilite mwen yo selon SCC a. Anplis, mwen konprann ke aksyon move kondwit oswa konpòtman elèv ki pa apwopriye pral mennen entèvansyon ak konsekans jan sa deklare nan SCC a.

---

Siyati Elèv la

---

Dat

---

**Akò Paran/Gadyen Legal**

Chè Paran oswa Gadyen Legal:

Bridgeport Public Schools kwè ke yo te enfòme w konsènan efò nou pou kreye ak mentni yon anviwònman aprantisaj ki sekirize epi ki san danje pou tout elèv. Tanpri li Kòd Kondwit Elèv la (SCC) epi siyen dokiman ki anba a pou di ou te resevwa epi konprann SCC a.

Mwen se paran oswa gadyen legal pou elèv non I mansyone anwo a. Mwen te resevwa mwen te li SCC a. Mwen konprann ke lè mwen siyen dokiman sa a, mwen dakò pou soutni epi ankouraje objektif SCC a epi fè tout efè ki rezonab pou travayè avèk lekòl la pou rezoud pwoblèm disiplinè yo.

---

Siyati Paran/Gadyen Legal

---

Dat